ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

# АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

1924 ГЪЭ ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

№40 (24.478) • 2023 гъэм мэлыжьыхьым (апрелым) и 8, щэбэт • Тхьэмахуэм щэ къыдокI • И уасэр зы тумэнщ •

КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ, Парламентым я пресс-IуэхущIапIэхэм къызэратамкIэ



# ЩIэблэм я хуитыныгъэхэмрэ унагъуэ лъапIэныгъэхэмрэ

**КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек лэжьыгъэ IуэхукIэ хуэзащ Сабийм и хуитыныгъэхэмкIэ уполномоченнэу КъБР-м щыIэ Лъынэ Светланэ. НыбжьыщIэхэм я къащхьэщыжакIуэм щIыналъэм и Iэтащхьэм и пащхьэ щищIащ 2022 гъэм зи пашэ IэнатIэм щызэфIаха лэжьыгъэхэмрэ дызэрыт лъэхъэнэмрэ ятеухуа доклад шэщIа.**

ЛЪЫНЭМ зэрыжиIамкIэ, блэкIа илъэсым IэнатIэм зэрызыкъыхуагъэза Iуэхугъуэхэм я нэхъыбапIэр унагъуэхэм яхуэгъэза хабзэхэм ятещIыхьащ. Сабий зыпI унагъуэхэм гъэ блэкIам къриубыдэу яIэрыхьа социальнэ дэIэпыкъуныгъэр сом мелард 25-рэ мэхъу. Къэралым защIигъэкъуащ Къэбэрдей-Балъкъэрым щыпсэу унагъуэ мин 75-м щIигъум.

Апхуэдэу, 2022 гъэм республикэм щагъэзэщIащ лыших узыр, зэзэмызэххэ фIэкIа узримыхьэлIэ узыфэ шынагъуэхэр зыпкърыт сабийхэр хущхъуэрэ ерыскъыпхъэ хэхахэмкIэ къызэгъэпэщыным епха Iуэхугъуэхэр. Абыхэм псори зэхэту текIуэдащ сом мелуани 114,6-рэ. Республикэм и Iэтащхьэм ищIа унафэм тету, фошыгъу уз зыпкърыт сабийхэм къызэрагъэпэщ лъым фошыгъу ткIуаткIуэу хэлъыр къызэрапщ IэмэпсымэхэмкIэ. КъинэмыщIауэ, зи ныбжьыр илъэсищым нэмыса сабийхэм, апхуэдэу унагъуэшхуэхэм я бынхэу илъэсих иримыкъуахэм ящыщу амбулаторэхэм щагъэхъужхэм пщIэншэу ират хущхъуэхэр къырагъэщэхуну республикэ мылъкум къыхэкIыу хуаутIыпщ ахъшэм хуэдиплI хуэдизкIэ хэхъуащ. А унэтIыныгъэмкIэ екIуэкI лэжьыгъэм адэкIи зрагъэужьынущ.

КIуэкIуэ Казбек къыхигъэбелджылыкIащ сабийхэм я хуитыныгъэр хъума хъунымкIэ IэнатIэ зэмылIэужьыгъуэхэм яку зэпыщIэныгъэ зэрыдэлъым мыхьэнэшхуэ зэриIэр. Гулъытэ хуащIащ сабий зеиншэхэм, адэ-анэм я нэIэм щIэмытыжхэм, зи узыншагъэм сэкъат иIэхэм социальнэ и лъэныкъуэкIэ ядэIэпыкъун зэрыхуейм. Апхуэдэу зэIущIэм щытепсэлъыхьащ еджапIэхэмрэ гъэсапIэхэмрэ психологхэмкIэ, зэпэщIэувэныгъэхэр зэтезыуIэфIэж комиссэхэр къыщызэгъэпэщыпхъэу зэрыщытми. Республикэм и Iэтащхьэм унафэ ищIащ балигъыпIэ нэмысахэм я хуитыныгъэхэр хъумэнымкIэ, унагъуэ лъапIэныгъэхэр къэмыгъэтIэсхъэнымкIэ адэ-анэхэм я пщэрылъхэр ягъэзэщIэным нэхъ ткIийуэ кIэлъыплъын хуейуэ.

# Депутатхэм зауэ Iуэху хэхам хэтхэм зыщIагъакъуэ

**Дзэм къулыкъу щызыщIэхэу зауэ Iуэху хэхар щекIуэкI щIыпIэм щыIэхэм гулъытэ яхуэщIыныр нобэ КъБР-м и Парламентым и къалэн нэхъыщхьэхэм ящыщ зыщ. Хабзэубзыху IэнатIэм и депутатхэм абыхэм аргуэру хурагъэшащ гуманитар дэIэпыкъуныгъэ: гъатхэ-гъэмахуэ лъэхъэнэм папщIэ дзэ Iуэхум хухэха щыгъынхэр, щыжейкIэ зыхуэныкъуэну хьэпшып зэмылIэужьыгъуэхэр, нэгъуэщI куэди.**

КъБР-м и Парламентым БюджетымкIэ, налогхэмрэ финансхэмкIэ и комитетым и унафэщI **АфэщIагъуэ Михаил** зэрыжиIамкIэ, дзэм къулыкъу щызыщIэхэр зыхуей-зыхуэныкъуэхэм ятещIыхьауэ хьэпшыпхэр ягъэхьэзыращ.

- Зауэ Iуэху хэхам хэт щIалэхэр дэIэгъынымкIэ республикэм лэжьыгъэшхуэ щрагъэкIуэкI. КъБР-м и Iэтащхьэм и унафэкIэ нобэр къыздэсым абы трагъэкIуэдащ сом мелард никъуэм нэблагъэ. КъинэмыщIауэ, КъБР-м и Правительствэм и гъэтIылъыгъэ фондым къыхэкIыу зауэ Iуэху хэхар щекIуэкI щIыпIэм щыIэхэм папщIэ зыхуэныкъуэ техникэрэ Iэмэпсымэрэ къызэращэхун мылъку хухахащ.

Къыхэгъэщыпхъэщ, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэри цIыхухэри мы Iуэхум къызэрыпэджэжар икIи щхьэж хузэфIэкIкIэ дэIэпыкъуэгъу зэрыхъур.

КъБР-м и Парламентри Iуэхум хэмыхьэу къэнакъым - зауэ Iуэху хэхар щекIуэкI щIыпIэм дзэ къалэныр щызыгъэзащIэхэм зыхуей-зыхуэныкъуэхэр нобэ аргуэру яхудогъашэ. Депутатхэм зэхалъхьа ахъшэмкIэ щIалэхэр иджыпсту нэхъ зыхуэныкъуэ хьэпшыпхэр къэтщэхуащ. Республикэм и Парламентым и жэрдэмыр къыдаIыгъащ «Горец» дэрбзэр фабрикэмрэ щхьэзакъуэ хьэрычэтыщIэ Камаевымрэ.

Зыхуэныкъуэ хьэпшыпхэмкIэ ахэр къызэрызэдгъэпэщыфыр щытыкIэ гугъум ит щIалэхэм защIэгъэкъуэнымкIэ щыIэ Iэмалхэм ящыщ зыщ. Ахэр иджыпсту егъэлеяуэ хуэныкъуэщ ди гулъытэрэ дэIэпыкъуныгъэрэ. Апхуэдэ Iуэхум ухэмыхьэныр къезэгъыркъым. Дызэгъусэу сыт хуэдэ гугъуехьми дыпэлъэщынущ, - жиIащ АфэщIагъуэ Михаил.



# Къат куэду зэтет унэхэр зыхуей хуагъазэ

**КъБР-м и Правительствэм и УнафэщI Мусуков Алий иригъэкIуэкIащ Iуэхугъуэ зэмылIэужьыгъуэхэм щытепсэлъыхьа зэIущIэ.**

КъБР-м и инфраструктурэ проектым теухуауэ ялэжь Iуэхухэм зэхъуэкIыныгъэхэр зэригъуэтым и гугъу ищIащ КъБР-м ухуэныгъэмрэ псэупIэ-коммунальнэ хозяйствэмкIэ и министр **Бэрбэч Алим**. Ар теухуауэ щытащ УФ-м и федеральнэ мылъкум щыщу инфраструктурэ проектхэр ягъэзэщIэн папщIэ щIыналъэхэм 2023 гъэм трагуэшэну бюджет кредитым. Министрыр къытеувыIащ КъБР-м къат куэду зэтет унэхэр зыхуей хуэгъэзэнымкIэ щыIэ программэм игъуэта зэхъуэкIыныгъэхэм. ЩIыналъэ программэм хагъэкIыжащ кхъахэ хъуауэ къалъыта унитху, апхуэдэуи, фэтэритху нэхъыбэ зыхэмыт унэ зэтет 56-рэ. Программэм щIэуэ хагъэхьащ къат куэду зэтет унэ 54-рэ.

2017 гъэм щIышылэм и 1-м щегъэжьауэ 2022 гъэм щIышылэм и 1-м къриубыдэу кхъахэу къалъыта къат куэду зэтет унэхэм я бжыгъэм зэрызихъуэжми тепсэлъыхьащ министрыр. Кхъахэ хъуа унэхэм я фондым къыхэхъуэнущ метр зэбгъузэнатIэ 1862,6-рэ: Янтарнэ къуажэм щыIэ къат куэду зэтет унитIрэ Псыкуэд щыIэ зы унэрэ. Абыхэм щопсэу цIыхуи 132-рэ. Зыри зыщымыпсэу фэтэрхэр кхъахэ хъуа унэхэм зэрахэтым къыхэкIыу, фондым хагъэкIыжащ метр зэбгъузэнатIи 109,7-рэ. Кхъахэ хъуа унэхэм я фондым хэту къабжащ унэ 63-рэ. Ар метр зэбгъузэнатIэ 32361-рэ мэхъу.

Республикэм и къэрал мылъкум хэта IуэхущIапIитI щIыналъэ мылъкум хагъэхьэжащ: сом мелуан 489,5-рэ и уасэ Iэмэпсымэрэ техникэкIэ къызэгъэпэща, Аруан щIыналъэм, Нарткъалэ, Свободэ уэрамым тет школымрэ Бахъсэн щIыналъэм хыхьэ Куба къуажэм Къалмыкъым и уэрамым тет, сом мелуан 382,7-рэ и уасэ Iэмэпсымэрэ техникэкIэ къызэгъэпэща школымрэ. Абы тепсэлъыхьащ КъБР-м щIы, мылъку зэхущытыкIэхэмкIэ и министр **Тэхъу Аслъэн**.

2022 гъэм республикэм и къэрал мылъкур зэрагъэзэщIам къытеувыIащ КъБР-м финансхэмкIэ и министр **Лисун Еленэ**.

2022 гъэм республикэм къыхэхъуащ сом мелард 64,8-рэ. Налог, мыналог хэхъуэхэр сом мелард 16,2-рэ, зымыгъэзэж мылъкур сом мелард 48,6-рэ мэхъу.

- Хэхъуэр нэхъыбэу къызыпэкIуахэм ящыщщ илъэс кIуам хьэрычэт мащIэмрэ курытымрэ хэтхэм, я щхьэ хуэлэжьэжхэм папщIэ субсидиеу сом мелларди 3-м щIигъу республикэм зэритар. Зыхуей хуэгъэза унэ ухуэным хуаунэтIащ сом меларди 7,8-рэ. Ар хуэдитхукIэ нэхъыбэщ 2021 гъэм а Iуэхум хухахауэ щытам нэхърэ. Бюджет IуэхущIапIэхэм хьэпшыпхэр къащэхунымрэ Iуэхутхьэбзэ щхьэхуэхэр зыIэрагъэхьэнымрэ сом мелуани 7,6-рэ ихьащ, - жиIащ Лисун Еленэ.

2022 гъэм КъБР-м къигъэсэбэпа мылъкур сом мелард 63,1-рэ мэхъу. Процент 98,3-кIэ гъэзэщIа хъуащ ар. Нэхъыбэу мылъку трагъэкIуэдащ егъэджэныгъэм, медицинэм, цIыхухэм я щыIэкIэ -псэукIэр егъэфIэкIуэным. Улахуэм ихьащ сом мелард 16, социальнэ дэIэпыкъуныгъэм - сом мелард 17. Апхуэдэ дэIэпыкъуныгъэр яIэрыхьащ республикэм и цIыху мини 3-м щIигъум.

2023 гъэмрэ дызыхуэкIуэ 2024 - 2025 илъэсхэмрэ ФIэкIыпIэ зимыIэ медицинэ Iуэхутхьэбзэм и мылъкум теухуауэ щыIэ зэхъуэкIыныгъэхэр зэIущIэм къыщигъэнэIуащ КъБР-м узыншагъэр хъумэнымкIэ и министр **Къалэбатэ Рустам**.

ЗэхъуэкIыныгъэхэр нэхъыбэу тещIыхьащ фондым къыхэхъуэ ахъшэм зэрызихъуэжымрэ ар къызэрагъэсэбэпыну Iэмалхэмрэ.

- Фондым и мылъкур нэхъыбэ ящIащ Iуэхугъуэ зыбжанэм. 2022 гъэм къамыгъэсэбэпу къэнащ сом мелуани 176,9-рэ. ФIэкIыпIэ зимыIэ медицинэ страхованэм мыналог мылъкуу къыхэхъуащ сом мелуани 5,247-рэ. Апхуэдэу мылъку къыпэкIуащ республикэм щымыщ медицинэ IуэхущIапIэхэм егъэбыдылIа цIыхухэм медицинэ Iуэхутхьэбзэ зэрыратам, - къыхигъэщащ Къалэбатэм.

КъБР-м лэжьыгъэмрэ социальнэ дэIэпыкъуныгъэмкIэ и министр **Асанов Алим** игъэбелджылащ къулыкъум пэрыту хэкIуэдахэм я унагъуэхэмрэ гугъуехь пэщIэхуа цIыхухэмрэ ядэIэпыкъуным теухуа проект зыбжанэ.

**ГУГЪУЭТ Заремэ.**

**2023 гъэм мэлыжьыхьым и 25-р мылэжьэгъуэ махуэу гъэувыным и Iуэхук1э**

## Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и Указ

Урысей Федерацэм и Лэжьыгъэ кодексым, «Дин яIыгъынымкIэ яIэ хуитыныгъэмрэ дин зэгухьэныгъэхэмрэ я IуэхукIэ» 1997 гъэм фокIадэм и 26-м къыдэкIа Федеральнэ закон №125-ФЗ-м и 4-нэ статьям и 7-нэ пунктым, Урыс Православнэ Члисэм и Пятигорск, Шэрджэс епархием и Налшык округым и благочиннэ, митрофорнэ протоиерей Бобылев В. Н. Радоницэу дунейм ехыжахэр пщIэ хэха хуащIу ягу къыщагъэкIыж махуэу 2023 гъэм мэлыжьыхьым и 25-м ягъэлъапIэм къыхэкIыу зырызыкъытхуигъэзам япкъ иткIэ **унафэ сощI**:

2023 гъэм мэлыжьыхьым и 25-р Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм мылэжьэгъуэ махуэу щыгъэувын.

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ** **КIУЭКIУЭ Казбек**

*Налшык къалэ*
*2023 гъэм мэлыжьыхьым и 5-м*
*№35-УГ*



# ЩIалэгъуалэ палатэм хэтынухэр къыхах

**КъБР-м и Парламентым щекIуэкIащ ЩIалэгъуалэ палатэм и еянэ зэхыхьэгъуэм хэтынухэр къыщыхах зэIущIэ. Абы хыхьэну хуейуэ щIыху 50 щызэхуэсат хабзэубзыху орган нэхъыщхьэм.**

ЩIАЛЭГЪУАЛЭМ я зэфIэкIыр здынэсыр къапщытащ КъБР-м и Парламентым ЕгъэджэныгъэмкIэ, щIэныгъэмрэ щIалэгъуалэм я IуэхухэмкIэ и комитетымрэ КъэпщытакIуэ гупым хэтхэмрэ. Махуищк1э екIуэкIа къэпщытэныгъэ лэжьыгъэм зригъэхьэлIащ КъБР-м и Парламентым и УнафэщIу **Егоровэ Татьянэ**. Абы жиIащ КъБР-м и Парламентым псом япэ иригъэщ Iуэхугъуэхэм щIалэгъуалэм теухуар зэрыхиубыдэр, къэралым щыяпэу ЩIалэгъуалэ палатэ ди деж къызэрыщызэIуахар абы щыхьэт зэрытехъуэр.

- Хуабжьу си гуапэ хъуащ махуищым къриубыдэу дызыхуэза, дызэпсэлъа щIалэгъуалэр Iуэхум зэрыдихьэхыр. Иджыри лэжьыгъэшхуэ къытпэщылъыщ: абыхэм я зэфIэкIым дыхэплъэжу, Iуэхум нэхъ хэзыщIыкIхэр, жэрдэмщIакIуэхэр, жыджэрхэр къыхэтхын хуейщ, - къыхигъэщащ Егоровэм.

КъБР-м и Парламентым ЕгъэджэныгъэмкIэ, щIэныгъэмрэ щIалэгъуалэм я IуэхуэмкIэ и комитетым и унафэщIу **Емуз Нинэ** зэрыжиIамкIэ, ЩIалэгъуалэ палатэ зэхэшэным теухуа хабзэм къызэригъэувым тету, щIалэхэмрэ пщащэхэмрэ я дэфтэрхэр республикэ жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм, районхэмрэ къалэхэмрэ я щIыпIэ самоуправленэхэм, политикэ партхэм я Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ къудамэхэм, университетхэмрэ колледжхэмрэ я студент зэгухьэныгъэхэм къабгъэдэкIащ.

Дэтхэнэ зы ныбжьыщIэми Iэмал иIащ и зэфIэкIыр къэпщытакIуэ гупым я пащхьэ ирихьэну, абыхэм я упщIэхэм жэуап иритыну, жылагъуэ гъащIэм щигъэзащIэ къалэнхэм тепсэлъыхьыну. ЩIалэгъуалэ палатэм хэтхэм ягъэзэщIэну зэуей проекткэм, щыIэ гугъуехьхэм я хэкIыпIэу ялъагъухэм, щIэблэм драгъэкIуэкI лэжьыгъэр нэхъри зэрегъэфIэкIуапхъэ Iэмалхэм ятеухуауэ къэпсэлъащ зэпеуэм хэтыну Парламентым къекIуэлIахэр.

Зэхьэзэхуэм кърикIуахэмкIэ ЩIалэгъуалэ палатэм хагъэхьэну зыхуэфащэхэр къыхахащ. Абы теухуа унафэр КъБР-м и Парламентым и зи чэзу зэIущIэм къыщащтэнущ.

***КъБР-м и Парламентым и пресс-IуэхущIапIэ.***

# Ягъэпажэ

**Мэлыжьыхьым и 6-р УФ-м и МВД-м и следственнэ органхэм я лэжьакIуэхэм я махуэщ. Мы гъэм илъэс 60 ирикъуащ а IэнатIэр къызэрызэрагъэпэщрэ.**

КъБР-м щыIэ МВД-м а юбилейм ирихьэлIэу иригъэкIуэкIащ «Следствиер жылагъуэм и нэхэмкIэ» сурэттеххэм я зэпеуэ.

Къэрал кIуэцI IуэхухэмкIэ министру КъБР-м щыIэм и къуэдзэ - министерствэм и Следственнэ управленэм и унафэщI, юстицэм и полковник **Попов Олег** республикэ зэпеуэм щытекIуахэм ехъуэхъури, саугъэт лъапIэхэр яритащ.

Хабзэхъумэхэм ятеухуауэ республикэ, район газетхэм я журналистхэм, еджакIуэхэм я сурэтхэм хэплъащ КъБР-м щыIэ МВД-м и Следственнэ управленэм, ЩэнхабзэмкIэ центрым я лэжьакIуэхэр, министерствэм епха Жылагъуэ советымрэ къэрал кIуэцI IуэхухэмкIэ органхэм я ветеранхэм я щIыналъэ жылагъуэ зэгухьэныгъэмрэ я лIыкIуэхэр зыхэта жюрир.

НэхъыфIу къалъытащ «Кабардино-Балкарская правда» газетым и сурэттех-корреспондент Елъкъэн Артур, «Тэрч» газетым и корреспондент КIэмпIарэ Галинэ, Къэщкъэтау дэт курыт еджапIэм щIэс Бозиевэ Малика сымэ я сурэтхэр.

- Фи лэжьыгъэхэм къыщывгъэлъэгъуащ следственнэ IэнатIэхэм я лэжьакIуэхэр цIыхухэм къазэрыщыхъур. Афэрым, Iуэхум жыджэру фызэрыхэтам, следственнэ IэнатIэхэм я лэжьыгъэм фытепсэлъыхьыну гупыж зэрывгъщIам папщIэ. Узыншагъэ, ехъулIэныгъэрэ зэIузэпэщыгъэрэ фиIэну си гуапэщ, - жиIащ Попов Олег.

**БАХЪСЭН Ланэ.**





# ДжэгуакIуэшхуэм и дуней телъыджэ

НАЛШЫК къалэ администрацэм егъэджэныгъэмкIэ и департаментым и лэжьакIуэ ЛIыIэщын Людмилэ зэфIих лэжьыгъэ дахэхэм ящыщщ адыгэ лъэпкъым и цIыху щэджащэхэр гъэлъэпIэныр, абыхэм ятеухуауэ зэIущIэхэр, дерс зэIухахэр, къэхутэныгъэ лэжьыгъэхэр еджапIэхэм щегъэкIуэкIыныр. Апхуэдэхэм я щапхъэщ Кэнжэ дэт курыт еджапIэ №20-м «ЛIэужь дахэ» фIэщыгъэр иIэу иджыблагъэ къыщызэрагъэпэща пшыхь екIуэр. Ар зытеухуар Къэбэрдей-Балъкъэр АССР-м и цIыхубэ усакIуэ, тхакIуэ, уэрэдус икIи джэгуакIуэ цIэрыIуэу щыта ХьэхъупащIэ Амырхъан Iэсхьэд и къуэрат.

ЕджапIэм и бжэхэр гуапэу хьэщIэхэм къахуэзIуихащ. Апхуэдэхэт къалэм дэт школхэм адыгэбзэмрэ литературэмрэ щезыгъэджхэр, абыхэм я гъэсэнхэр, ХьэхъупащIэ Амырхъан и благъэхэр, IыхьлыхэР. Ахэр ирагъэблэгъащ Iуэхур щекIуэкIа пэш хуитым. ХьэщIэхэм япэщIыкIэ щыгъуазэ зыхуащIащ пшыхьым къыхузэрагъэпэща гъэлъэгъуэныгъэ купщIафIэм. Абы хэлът Амырхъан теухуа къэхутэныгъэ лэжьыгъэхэр, сурэт зэмылIэужьыгъуэхэр.

ФIэхъус гуапэкIэ зэIущIэр къызэIуихащ школым и унафэщI Аслъэн Майе. ЕджапIэм и пашэм и псалъэхэм пищащ ЛIыIэщын Людмилэ. Абы къызэрыхигъэщащи, лъэпкъым и иужьрей джэгуакIуэ ХьэхъупащIэ Амырхъан ноби цIыхубэм ягу къызэрагъэкIыжыр фIы и лъэныкъуэкIэщ. «Амырхъан адыгэбзэ дахэ Iурылъа къудейкъым, атIэ пэжыр зи гъуазэ и тхыгъэхэм Iуэрыуатэм ижь ищIихуащ», - жиIащ ЛIыIэщыным.

АдэкIэ утыкур хуит хуащIащ Iуэхум жэуаплыныгъэ хэлъу зыхуэзыгъэхьэзыра еджакIуэ цIыкIухэм. Абыхэм утыкум щагъэIуащ ХьэхъупащIэм и IэдакъэщIэкIа тхыгъэхэр, уэрэдхэр ягъэзэщIащ. Адыгэ фащэкIэ хуэпа ныбжьыщIэхэм ягъэлъэгъуа къафэхэм удахьэхырт. Псоми яфIэтелъыджэт ХьэхъупащIэ Амырхъан езыр усэ къеджэу, уэрэд жиIэу кърихьэлIахэм «зэрызакъыхуигъэзар».

ЗэIущIэм кърихьэлIа дэтхэнэми мы дакъикъэхэм загъэпсэхуа къудейкъым, атIэ иджыри зэ наIуэ ящыхъуащ ХьэхъупащIэм адыгэбзэ къабзэ Iурылъу зэрыщытар. Ахэр яфIэхъэлэмэту щыхьэщIахэщ джэгуакIуэшхуэм и дуней телъыджэм. Абыхэм иджыри зэ наIуэ ящыхъуащ Амырхъан гъащIэм къыщыхъу, щызекIуэ Iуэхугъуэ зэмылIэужьыгъуэхэм гулъытэ хуищIу зэрыщытар. Абы и щыхьэтт хабзэ-нэмысым, цIыхубэр зыхэт кIыфIыгъэм къыхэшыным, хъуэхъу псалъэ-ущиехэм, къыхуеджэныгъэ лъэщхэм я щапхъэу пшыхьым щыIуахэр.

Зэхыхьэр къызэзыгъэпэщар къэбэрдей-шэрджэсыбзэр школым щезыгъэджхэу Тэтэр Ларисэ, Къэзанш Нинэ, Мамий Маритэ сымэщ. Абыхэм зэрыжаIэмкIэ, зэIущIэм и къалэн нэхъыщхьэу щытахэм ящыщт лъэпкъым и цIыху телъыджэхэм ящыщ ХьэхъупащIэ Амырхъан бгъэдэлъа зэфIэкIым, абы къыщIэна щIэин лъапIэм, и лъэужь нэхум къыдэкIуэтей щIэблэр щыгъуазэ хуэщIыныр. Апхуэдэ IэмалхэмкIэ ныбжьыщIэхэм нэхъыфIу ибогъэцIыхуфI къызыхэкIа лъэпкъым и цIыху пэрытхэр, цIэрыIуэхэр, я анэдэлъхубзэми ябгъэдэлъ зэхэщIыкIыми адэкIэ зрагъэужь егъэджакIуэхэм.

Къызыхуэтыншэу къызэрагъэпэщащ икIи купщIафIэу ирагъэкIуэкIащ пшыхьыр. Абы зи зэфIэкI езыхьэлIа дэтхэнэми фIыщIэ ини пщIэи яхуэфащэщ, дауи.

**МАХУЭЛI Беслъэн.**

# Си къалэ дахэ

**Иджыблагъэ ирагъэжьащ «Си къалэр си Iуэхущ» зи фIэщыгъэ II урысейпсо зэхьэзэхуэр. Ар екIуэкIынущ гъатхэпэм и 14-м къыщыщIэдзауэ фокIадэм и 1 пщIондэ.**

IУЭХУР зытеухуар къалэр зэIузэпэщ, цIыхухэм зыщагъэпсэхуну гукъыдэж яIэн хуэдэу ар теплъафIэ щIыныр, щIыналъэм экономикэм зыщегъэужьыныр. ЩIалэгъуалэмрэ ныбжьыщIэхэмрэ къалэр сыт хуэдэу щытын хуейуэ къалъытэрэ? Абыхэм я Iуэху еплъыкIэр лъабжьэ хуэхъунущ лэжьыгъэу зэфIахынум.

Зэхьэзэхуэм хэт хъунущ илъэс 12-м къыщыщIэдзауэ илъэс 35-рэ зи ныбжьхэр.

Урысейпсо зэпеуэм и къызэгъэпэщакIуэщ фейдэ къегъэщIыным пымылъ «Институт правового развития» IуэхущIапIэр, Федеральнэ ЦIыхубэ Советыр, УправленэмкIэ къэрал университетыр, ЩIэныгъэхэмкIэ Урысей академием урысей тхыдэмкIэ и институтыр, ЩIы IуэхухэмкIэ къэрал университетыр, УФ-м и Федеральнэ Зэхуэсым и Къэрал Думэр я щIэгъэкъуэну, апхуэдэуи жылагъуэ, щIэныгъэ зэгухьэныгъэхэр.

Зэпеуэм хэтыну хуей щIалэгъуалэр ирагъэблагъэ.

Зэхьэзэхуэм и официальнэ сайтыр: https://inkult.ru/moygorod

**ИСТЭПАН Залинэ.**

**Хъыбарегъащ1э**

# Къыддеджахэр фыкъакIуэ

Налшык дэт педагогикэ училищэр (иджы колледжщ) 1973 гъэм къэзыухауэ щыта 4-нэ «Д» курсым щIэсахэр ди зэхуэзэм фыкъыдогъэблагъэ. А гупым хэсахэр 2023 гъэм мэкъуауэгъуэм (июным) и 2-м сыхьэти 10-м щызэхуэсынущ Къэбэрдейр Урысейм зэрыгухьэрэ илъэс 400 щрикъум и утыкум (Марие и утыкум) деж.

Зэхуэсыр ирырагъэхьэлIэ 4-нэ «Д» гупым училищэр къызэраухрэ илъэс 50 зэрырикъум. УпщIэ зиIэхэр фыпсалъэ мы телефонымкIэ: 8 909 489 22 80 - Тхьэкъуахъуэ Ленэ.

● Ди къуажэхэр

# Кыщпэкым и нобэр

**Къэбэрдей-Балъкъэрыр илъэсищэ щрикъум ирихьэлIэу республикэм щрагъэкIуэкIауэ щытащ «Къуажэхэм я нэхъыфI» зэпеуэ. Абы щытекIуа, Бахъсэн куейм хиубыдэ Кыщпэк (Тыжьей) къуажэрщ иджыблагъэ сыздэщыIауэ икъукIэ си гуапэу сызытетхыхьыжынур. «Зэ плъагъумэ нэхъыфIщ, щэрэ зэхэпх нэхърэ» жыхуаIэращи, апхуэдэ текIуэныгъэшхуэр къуажэм щыхуагъэфащэм, гъуэгур мы жылагъуэмкIэ хэтшащ икIи гупсэхуу зыщытплъыхьащи, быдэу фи фIэщ фщIы: фыщIэкIуэн щхьэусыгъуи, фи нэгу зезыгъэужьыни, фыщыхьэщIэни, къэуат зыщIэлъ ерыскъыи мыбы щывгъуэтынущ.**

ПЭУБЛЭУ мащIэу дыкъытеувыIэнщ Кыщпэк къуажэм и тхыдэм. 1861 гъэм лIакъуэлIэш хьэблитI, Тыжькъуэрэ Фэндыкъуэрэ зэгухьэри, зы жылагъуэ зэрыгъэхъуащ, Тыжьей фIэщыгъэцIэр иIэу. 1867 гъэм Къэбэрдейм и къуажэхэр нэхъ ин щащIым, мы жылагъуэм къыхыхьа хъуащ Борей, УэтIпIэней, Iелгъар, Тохъутэмыщ Жамбот я хьэблэхэр.

1888 гъэм мы къуажэм унейм лъапсэу дэтыр 207-рэ, цIыху бжыгъэр 1359-рэ хъурт. Совет властым и унафэкIэ уэркъыщIэхэр ягъэкIуэдырти, 1920 гъэм Кыщпэк псым и цIэр къуажэм фIащащ. Иджы щIэх-щIэхыурэ къуажэдэсхэм жэрдэм къыхалъхьэ, я жылэм япэм зэрихьэу щыта цIэр фIащыжыныр захуагъэу къалъытэу.

Мы къуажэм хэщIыныгъэшхуэ игъуэтащ Хэку зауэшхуэм щыгъуэ. Дзэм цIыху 263-рэ ираджати, абы щыщу 177-р хэкIуэдащ.

Иджыпсту цIыху 5000 хуэдиз Кыщпэк дэсщ. Къуажэм удыхьамэ, псом япэу нэм къыщIидзэр мыбы дэлъ къабзагъэмрэ я къуажэ администрацэм и унэр, курыт еджапIэр, сабий садыр екIуу зэрызехьамрэщ. Абы къищынэмыщIауэ, «ТеклуэныгъэмрэI и парк» зыгъэпсэхупIэр, цIыкIухэм я джэгупIэр узыщыгуфIыкIынущ. Ар нэхъри гъэщIэрэщIэным трагъэкIуэдащ зэпеуэм зэрыщытекIуэм папщIэ кърата ахъшэр. Удз гъэгъахэмкIэ, псей щхъуантIэхэмкIэ ягъэнщIащ, тIысыпIэ екIуэхэр дагъэуващ, уэздыгъэ зэмыфэгъухэр фIадзащ, дыхьэпIэри ягъэщIэрэщIащи, таурыхъ пщIантIэм хуэбгъэдэным хуэдэщ. Псэр дэмыгуфIэу къанэркъым паркым къыбгъурыт, къатитIу зэтет, сабий сад нэхъыфI дыдэхэм ящыщу къалъытэ икIи щытхъу мымащIэ зыхужаIэм и пщIантIэр зыгъэнщIауэ щыджэгу цIыкIухэм я дыхьэшх макъыр щызэхэпхкIэ.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и япэ Президент КIуэкIуэ Валерэ и цIэр зезыхьэ курыт школыр сабийхэм щIэныгъэ нэс ягъуэтын папщIэ сыт и лъэныкъуэкIи къызэгъэпэщащ, спортзалу тIу хэтщ, гупжьей зэмылIэужьыгъуэхэр мэлажьэ, я тхыдэр щахъумэ музей яIэщ. Къуажэм «Борей» зи фIэщыгъэцIэ мэжджыт дэтщ.

Автомашинэ щызекIуэ гъуэгу нэхъыщхьэхэм асфалт тралъхьащ, адрейхэм тракIутащ мывэ кIэщхъ.

«Псы зэфэнур тыншу ягъуэт, гъэмахуэм жыг хадэхэм зэрыщIагъэлъадэм и ягъэкIэ тIэкIу нэхъ мащIэ хъуми. Абы и лъэныкъуэкIэ гугъу ехь унагъуэ закъуэтIакъуэхэр зэрыдгъэтыншыжын яужь дитщ», - къыддогуашэ къуажэ администрацэм щIыр къэгъэсэбэпынымкIэ и IэщIагъэлI нэхъыщхьэ Урысбий Азэмэт. Абы къызэрыджиIамкIэ, кIэрыхубжьэрыху идзыпIэхэр щыIэжкъым, «Экологистика» IуэхущIапIэм и машинэр тхьэмахуэ къэс кърокIуэри деш. Араши, уэрамхэри пщIантIэхэри къабзэщ. «Къуажэхэм зегъэужьыным хухаха программэ дыхэтщи, абы и фIыгъэкIэ зы футбол джэгупIэ екIурэ сабийхэм папщIэ IэрыщI алэрыбгъу зэрылъыну стадионрэ дыухуэнущ», - жеIэ адэкIэ къуажэ администрацэм и IэщIагъэлI нэхъыщхьэ, бухгалтер КъарэцIыкIу Мурат.

Къуажэм лэжьыгъэ нэхъыщхьэу дэлъыр мыIэрысей хадэм, жыгыщIэрэ хадэхэкIэрэ къэгъэкIыным епхащ. ТIэкIу нэхъ мащIэ хъуами, Iэщ гъэхъунми гулъытэ хуащI. ХъупIэ зрикъун яIэщ. БэджэндырылажьэхэрмыбыщымащIэкъым. Псалъэм папщIэ, илъэсым къриубыдэу бэдрэжан тонн минипщI хуабапIэм къыщызыгъэкI «Агроком» IуэхущIапIэм щIыуэ гектар 20 иIыгъщ. Апхуэдэ IэнатIэхэм я фIыгъэкIэ цIыхухэри лэжьыгъэншэ хъуркъым.

Кыщпэк къуажэр икъукIэ зэрыгушхуэхэм ящыщщ «Джэдыкъуэ», «БОБ» я фIэщыгъэцIэхэу псыхущхьэум пыщIа хьэмэм, псыгуэн зэраIэр, абыхэм цIыху куэд къызэрыкIуэр. Хьэмэммымрэ псы гуэнымрэ илъэсипщIым нэблэгъауэ мэлажьэ. Абы къыхэкIыу мыбы хьэщIэщ ин дэтщ, иджыри дащIыхьынущ. НэгузегъэужьыпIэм егъэщIылIауэ шхапIэ мэлажьэ, дохутырхэр зызыгъэпсэхухэм якIэлъоплъ. Уасэу хуагъэуври махуэм зы цIыхум хуэзэу сом 250-рэщ.

КIэщIу жыпIэмэ, Кыщпэк къуажэр зэрыпагэн и мащIэкъым икIи хуэфащэу япэ увыпIэр лъысауэ къэплъытэ хъунущи, нэхъри ефIэкIуэну дохъуэхъу.

**ШАФИЙ Аслъэн.**



# Къэралпсо зэпеуэр къапоплъэ

**Урысей ФССП-м и управленэу КъБР-м щыIэмрэ республикэ Сабий фондымрэ къызэрагъэпэщащ «Хрустальные звездочки–2023» урысейпсо фестиваль-зэпеуэм и щIыналъэ Iыхьэр. Ар егъэкIуэкIынымкIэ зыкъыщIигъэкъуащ «ВТБ-страна» псапащIэ фондым.**

ФЕСТИВАЛЬ-зэпеуэр щекIуэкIащ Налшык дэт Киноконцерт гъэлъэгъуапIэм. Утыкум къихьат Урысей ФССП-м и управленэу КъБР-м щыIэм, УФ-м ЮстицэмкIэ и министерствэм и управленэу республикэм щыIэм, Лъэпкъ Iуэхухэмрэ жылагъуэ проектхэмкIэ щIыналъэ министерствэм, Дзэлыкъуэ районым егъэджэныгъэмкIэ и управленэм, Урысей МВД-м Дзэлыкъуэ районым щиIэ къудамэм я лэжьакIуэхэм я сабийхэр.

Хьэщ1эхэм я гукъыдэжыр къаIэтащ щэнхабзэмрэ гъуазджэмкIэ колледжым и «ШыкIэпшынэ» ансамблымрэ Къэзанокъуэ Жэбагъы и цIэр зезыхьэ къалэ центрым и гъэсэнхэмрэ. Псори къызэщIиIэтат КIыщокъуэ Алим «Кайсыну Кулиеву» зыфIища и усэм къеджа ныбжьыщIэ Бауаев Iэмин.

Зэпеуэр къызэпэплъэхэм захуигъэзащ Урысей ФССП-м и управленэу КъБР-м щыIэм и унафэщIым и къуэдзэ - хеящIэ коллегием и унафэщI Литовкэ Наталье. Къэрал кIуэцI къулыкъум и капитаным жиIащ мы гъэм фестивалыр хэгъэщхьэхукIауэ зэрыщытыр - ягъэзэщIэнухэр нэхъыбэу хуэгъэпсат Урысеймрэ Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ фIыуэ лъагъуным.

- Социальнэ программэхэр дэIыгъыныр ВТБ-м и гупым я лэжьыгъэм къыгуэх зимыIэ Iыхьэщ. Ди гуапэщ щIалэгъуалэ зэчиифIэм зыкъызэIуахыу я творческэ гъуэгуанэм лъэхъэнэщIэхэр щыщIадзэнымкIэ дадэIэпыкъуну. «Хрустальные звездочки» мы проектырщ «ВТБ-страна» фондым Къэбэрдей-Балъкъэрым щидиIыгъыр. А фондыр щIэгъэкъуэн мэхъу жэрдэмхэр унэтIыныгъэ зэмылIэужьыгъуэхэм щыпхыгъэкIынымкIэ, - жиIащ ВТБ-м и къудамэу КИФЩI-м щыIэм и унафэщI Дыренкэ Александр.

НыбжьыщIэ зэчиифIэхэм я зэпеуэр сыхьэт зыбжанэкIэ екIуэкIащ. Зыр адрейм кIэлъыкIуэу утыкум къихьащ уэрэджыIакIуэхэр, къэфакIуэхэр, макъамэ Iэмэпсымэхэм еуэхэр.

Псори зэхилъхьэжри, жюрим я ныбжькIэ гуэшауэ щыта гупитIым нэхъыфIхэр къыщыхихащ. Япэ гупым: «И Iэзагъым папщIэ» - Къазий Дамир (давул); «Уэрэд жыIэн» - Блий Элинэ; «Къэфэн» - Умэ Къантемыррэ Гугъуэт Камилэрэ.

ЕтIуанэ гупым: «И Iэзагъым папщIэ» - Тохъу Темыркъан (гитарэ); «Уэрэд жыIэн» - Кърш Арианэ; «Къэфэн» - Пархоменкэ Викторие.

Иджы ахэр республикэм къыбгъэдэкIыу хэтынущ урысейпсо фестиваль-зэпеуэм и федеральнэ Iыхьэм.

Суд приставхэм я федеральнэ къулыкъум и творческэ фестивалым и кIэухыу абы хэтахэм къалэжьа дамыгъэхэмрэ ягу къинэжыну тыгъэхэмрэ иратащ. АдэкIэ абыхэм зэгъусэу ягъэзэщIащ «Хрустальные звёздочки» зэпеуэм и гимныр.

**ДЫГУЛЫБГЪУ Жантинэ.**

# ЕкIуэкI мазэм хуэзэр

**Илъэси 3-м нэс сабийхэм папщIэ анэ мылъкум щыщу ират ахъшэр мы гъэм и мэкъуауэгъуэм щыщIэдзауэ зы махуэм яIэрыхьэнущ. Апхуэдэ дэIэпыкъуныгъэр зыхуэфащэу къалъыта унагъуэхэм ар хуагъэхьынущ мазэм и 5-нэ махуэм, иратынур екIуэкI мазэр мыхъуу блэкIам ейрщ.**

Урысейм и Социальнэ фондым и къудамэу Къэбэрдей-Балъкъэрым щыIэм зэкIэ ахъшэр ярет мазэм и 1 - 25-хэм къриубыдэу. ЯIэрыхьэр екIуэкI мазэм хуэзэрщ, къапщтэмэ, гъатхэпэм а мазэм ейр иратащ, мэлыжьыхьми абы тетынущ. Къызэрыхэдгъэщащи, хабзэщIэр къэгъэсэбэпын щIадзэнущ мэкъуауэгъуэм икIи къэралым и дэнэ щIыпIи ахъшэр щаIэрыхьэнущ зы махуэм.

Фигу къэдгъэкIыжынщи, мазэ къэс анэ мылъкум щыщ ахъшэ яIэрыхьэну хуитщ, цIыхур псэун папщIэ нэхъ мащIэ дыдэу зыхуэныкъуэ ахъшэу щIыналъэм щагъэувам хуэдэу тIум унагъуэм я кхъуэр нэмысмэ. Хэхъуэр къыщабжькIэ къалъытэ улахуэхэр, саугъэтхэр, пенсэхэр, зэрысымэджам пэкIуэхэр, нэгъуэщIхэуи адэ-анэхэмрэ сабийхэмрэ къаIэрыхьэр. 2023 гъэ пщIондэ анэ мылъкум щыщ ахъшэр мазэ къэс зэратар унагъуэм и етIуанэ сабийрщ, иджы абы къызэщIеубыдэ илъэсищ ныбжьым нэс дэтхэнэ цIыкIури, - къет фондым и къудамэу КъБР-м щыIэм и пресс-IуэхущIапIэм.

**УАРДЭ Жантинэ.**

## Мы махуэхэм

**Мэлыжьыхьым и 8,** *щэбэт*

♦**Урысей анимацэм и махуэщ**
♦**УФ-мрэ Белоруссиемрэ я дзэ комиссариатхэм я лэжьакIуэхэм я махуэщ**
♦**1918 гъэм** адыгэ узэщIакIуэ, щIэныгъэлI Сихъу Сэфарбий и усэхэр зэрыт тхылъ къыдэкIащ.
♦**1908 гъэм** къалъхуащ Адыгэ Республикэм щыщ парт, совет лэжьакIуэ, Социалист Лэжьыгъэм и ЛIыхъужь **Чэмокъуэ Аслъэнджэрий**.
♦**1938 гъэм** къалъхуащ композитор, УФ-м гъуазджэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Тыкъуэ Къаплъэн**.
♦**1945 гъэм** къалъхуащ Адыгеймрэ УФ-мрэ я цIыхубэ сурэтыщI, АР-м и Къэрал саугъэтым и лауреат **Къат Теучэж**.
♦**1957 гъэм** къалъхуащ къэрал, жылагъуэ лэжьакIуэ, КъБР-м и Парламентым и депутат **Пащты Борис**.

**Дунейм и щытыкIэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык уэшх къыщешхынущ. Хуабэр махуэм градуси 10, жэщым градуси 8 - 9 щыхъунущ.

**Мэлыжьыхьым и 9,** *тхьэмахуэ*

♦**1938 гъэм** къалъхуащ биологие щIэныгъэхэмкIэ доктор, КъБКъУ-м и профессор **Азэмэт Лалушэ**.
♦**1947 гъэм** къалъхуащ литературэдж, критик, къэрал лэжьакIуэ, филологие щIэныгъэхэмкIэ доктор, профессор **Тхьэгъэзит Юрэ**.
♦**1954 гъэм** къалъхуащ Тыркум щыщ Къайсэр вилайетым и губернатору щыта **Джамбулэт (Яхэгуауэ) Нихьэт**.

**Дунейм и щытыкIэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык пшэр техьэ-текIыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 14 - 16, жэщым градуси 8 - 10 щыхъунущ.

**Мэлыжьыхьым и 10,** *блыщхьэ*

♦**Фашизмэм пэщIэтыным и дунейпсо махуэщ**
♦**Зэдэлъхуэзэшыпхъухэм я дунейпсо махуэщ**
♦**1945 гъэм** Иуан Хьэсэн «Совет Союзым и ЛIыхъужь» цIэр къыфIащащ.
♦**1964 гъэм** «КъБР-м и цIыхубэ усакIуэ», «КъБР-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ», «КъБР-м щIыхь зиIэ и ухуакIуэ» цIэ лъапIэхэр ягъэуващ.
♦**1897 гъэм** къалъхуащ япэ адыгэ бзэщIэныгъэ еджагъэшхуэ **Iэщхьэмахуэ Даут**.
♦**1942 гъэм** къалъхуащ СССР-м щIыхь зиIэ и энергетик, Урысейм и ЕЭС-м щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, КъБР-м щIыхь зиIэ и энергетик **Хьэмыкъуэ Ахьмэд**.
♦**1956 гъэм** къалъхуащ УФ-м щIыхь зиIэ и артисткэ **Дау Марьянэ**.
♦**1958 гъэм** къалъхуащ радиожурналист **Гъурф Бэлэ**.
♦**1958 гъэм** къалъхуащ КъБР-м щIыхь зиIэ и артист, Къэбэрдей къэрал драмэ театрым и актёр **Лу Рэмэзан**.

**Дунейм и щытыкIэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык уфауэ щыщытынущ. Махуэм хуабэр градус 16 - 17, жэщым градуси 9 - 10 щыхъунущ.

*Зыгъэхьэзырар*
**ЩХЬЭЩЭМЫЩI Изэщ.**

Лъэпкъ Iущыгъэ:

**Зы мафIэ хъуаскIэ жылэ псор къресыкI.**

# Псэм къыбгъэдэкI сатырхэр



*Жэуаплыныгъэ ин зыпылъ егъэджэныгъэ-гъэсэныгъэ IэнатIэм илъэс 50-м щIигъукIэ псэ хьэлэлу пэрыта, ноби гъащIэм жыджэру хэт ДыщэкI Марие Сухьэмэдин и пхъур зымыцIыху куэд щыпсэу къыщIэкIынкъым ди щIыналъэм. 1994 гъэм «КъБР-м и цIыхубэ егъэджакIуэ» цIэ лъапIэр зыхуагъэфэща а адыгэ бзылъхугъэ щыпкъэр ящыщщ зи хэкумрэ лъэпкъымрэ и къару емыблэжу хуэлэжьахэм, зи дуней тетыкIэри Iуэху зехьэкIэри куэдым я дежкIэ щапхъэ хъуахэм. Зи псалъэмрэ Iуэху еплъыкIэмрэ жылагъуэм пщIэ щаIэ ДыщэкIым хуэдэ егъэджакIуэ щыпкъэхэм, хэкупсэ нэсхэм яубзыху мардэхэмкIэщ щIэблэм щIэныгъэ ноби зэрыратыр, ныбжьыщIэхэр зэрагъасэр, пэжыгъэм, захуагъэм, цIыхугъэм зэрыщIапIыкIыр.*

*Марие егъэджакIуэ Iэзэ, гъэсакIуэ гумызагъэ, жылагъуэ лэжьакIуэ жыджэр къудейкъым. Абы и къалэмыпэм, методикэ тхылъ купщIафIэхэм ящIыгъуу, къыщIокI усыгъэ дахи. НэщI мазэ лъапIэм къриубыдэу ДыщэкIым псэм къыбгъэдэкIыу итха усэ сатырхэм ящыщхэр ди газетым и нобэрей къыдэкIыгъуэм тыдодзэ, «Хэщхьэж гупсысэхэр» фIэщыгъэм щIэту.*

### Хэщхьэж гупсысэхэр

ХъыбарыфIрэ IуэхуфI куэдкIэ махуэщIэр
зыхуэупсэн,
Хьэл-щэныфIрэ гулъытэфIкIэ цIыхухэр
зыхуэхъуэхъуэн,
Бэрычэтрэ жумартагъкIэ Тхьэшхуэр
зыхуэгуэпэн,
Угъурлыгъэрэ пэжагъ нэскIэ щIыуэпсыр зэтэн,
Лъагъуныгъэрэ сакъыныгъэкIэ и Iыхьлыхэр
зыхуэарэзын,
Узыншагъэрэ Iэпкълъэпкъ лъэщкIэ дунейр
зыхуэупсэн
Фи быни фи щхьи Тхьэм фищIыну солъаIуэ.

* * *

ЦIыху къытхуэзамэ, къытпикIухьу,
ДумыщI дэ ябгэ, фIэкIыгъуей.
ФIыуэ щызекIуэр дымылъагъу зытщIу,
Iуэху Iейм дылъыхъуэу, я Алыхь, думыщI.
Зы цIыху щымыIэ дагъуэ имыIэу,
Зэхэлъ фIы защIэуи сымылъэгъуа.
ЦIыхум фIэпщ и цIэм куэд елъыташи,
Iэмал иIэххэмэ, фIыр къэдвгъэлъыхъу.
ЦIыху дапщэ щыIэ, дзэлыфэр ятIми,
Нэхъ уагъэпудмэ, пщыгуфIыкIын,
Нэхъ напщIэуфэми, фэрыщIагъэншэми,
ЩыIэкъэ псэр щхьэузыхь зыщIыфын?
НэщI мазэ лъапIэм ирещI псэр щабэ,
Щхьэхуещагъ тхэлъмэ, ирегъэкIуэд,
IурекIуэт жыжьэу тхэлъ фыгъуэ-ижэр,
ФIылъагъуныгъэр Iэдэж тхурехъу.

* * *

Дунейм и IэфIым хэмынын,
ЦIыхум и гуапэм щымыщIэн,
Быным я дахэмкIэ пэгэн,
Iэпкълъэпкъ узыншэкIэ гуфIэн,
Зи гуэныр зэи нэщI мыхъун,
Зи жьантIэр нэхъыжь щымыщIэн,
Зи щIэблэр зэи щымыуэн,
Губжьыр и тепщэу емыкIу къэзымыхьын,
Фадэр, тутыныр зытемыкIуэн,
Зи пщIэ-нэмысыр зыIыгъыжын,
Муслъымэн гъуэгум ирикIуэфын,
Мы ди Тхьэу лъапIэр зыхуэарэзын
Дыхъуну псори сыту си гуапэт.

* * *

ЦIыхур зэса хьэлым уэ къыпхутешын?
ЗэкIэ къытепшыфми - еутэкIыжынщ.
Вагъэмбэкъу зыдэтым хэт къыдашыфа?
Къыдашахэм щыщи хэт дэмыпкIэжа?
ЦIыхум и лъым хэтым сыт уэ пхуещIэфын?
Лъы къабзэ зыщIэтхэр Тхьэм тIысэгъу
къытхуищI.

* * *

ЦIыхум и мылъкуми бгъэдэлъ щIэныгъэми
Уэ сынолъэIур уемыхъуэпсэну.
Тхьэшхуэм и фIыщIэкIэ, а псом ухуеймэ,
ЩIэбэн ерыщуи, зэбгъэгъуэтынщ.
Дыхъуапсэ хъумэ, дызэхъуэпсэнур
Зигу зэIухауэ хэткIи хьэлэлырщ.
ЩIэблэу къытщIэхъуэр гъэса хъун щхьэкIэ
Щапхъи чэнджэщи зыгъэлъэгъуэфырщ,
Хабзэ-нэмыскIэ щапхъэ трахыу
ЖьантIэр тIысыпIэу зыхуагъэфащэрщ.
Дыздевгъэхъуапсэ зи лъэужь дахэр
ЦIыхум къахэнэу зэи мыкIуэдыжхэм.
НэхъыфIщ дехъуапсэмэ, дунейм ехыжми,
Зи цIэр гъэ минкIэ къэзыгъэнэфхэм.

* * *

Дагъуэншэ зыри дэ дыхъункъым,
Ауэ цIыхуу, кхъыIэ, дыщывгъэт.
Зевмыхуэ зым и Iей дапщэщи,
Е вгъэпудыну фыхэмыт.
Фахуэхъу сэбэп, флъэкIыну щытмэ,
ФлъэмыкIмэ, зэран фахуэмыхъу.
ЗыгуэркIэ фи гур къауIа хъуами,
Щымыуэ щыIэкъым, зэм яхуэвгъэгъу.
ДымыщIэ зыми: дэри Iуэху мыщхьэпэ
Ди натIэм къритхау щытынкIи хъунщ.
Дыхуейщ итIанэ нэхъыжь и псалъэ,
Ныбжьэгъум къыбгъэдэкI дэIэпыкъуэгъу.
Дыхуэныкъуэнщ Iыхьлы арэзыныгъэ,
Ди щIэблэм я гукъэкIи къэтлъыхъуэнщ.
КъетхьэлIэжынкIэ хъунур хэтса жылэрщ -
Мис ар игу илъу хэти ирепсэу.

* * *

Уэ нэхърэ нэхъ лъэщым
ЛъэгущIэт зыхуумыщI.
«ТхьэмыщкIэщ», - хужыпIэу,
ТеIэпхъэ умыщIу,
Хуэныкъуэм хуэсакъ.
Уэ нобэ пхулъэкIмэ,
Былымыр уи куэдми,
Уэ зэи ущымыкI.
ПсапащIэм хуэфащэщ
И мылъкур бэгъуэн,
ХитыкIыр хэхъуэжу
Берычэтыр хэлъын.
ТхьэмыщкIэщ, бейуэ щытми,
Щхьэхуещэу нэпсейр,
Ит нэхърэ кIуэдыжми
ЗыфIэфI гъэнщIыгъуейр.
Мылъку къабзэр гъуэзэджэщ.
Тхьэм куэду къыдит,
Мылъку фIейм зыщыфхъумэ,
Хьэлэл ар фщымыхъу.

* * *

Мы дунеижьыр мэкIэрахъуэ шэрхъыу,
Мычэму дэри дыкъоджэрэзэкI.
Дыходжэразэ зэм дуней нэщхъыфIэу
Зыщумыгъэнщ Iу уи гур зытхьэкъуам.
Дыщегъэхутэ зэми щIыпIэ бзаджэу
Гугъуехьи, гуауи, ябги щытлъэгъуам.
Аращ и хабзэр гъащIэм: фIыи Iеи
Къезэгъыу, дахэу щызэхэухуэнам.
А тIур тэмэму уэ зэблэбгъэкIыфмэ,
НасыпкIэ уеджэ хъуну къыщIэкIынщ.
Хэтыф, зехьэф уэ щыуагъэншэу,
Зэхэзэрыхьи абы къыщумыгъэхъу.

# ХьэгъэщагъэмхуекIуэрт



**Гуэл куэдыкIей зиIэ Индонезие къэралыгъуэм и климатыр псыIэхуабэу зэрыщытым и фIыгъэкIэ, нэгъуэщI щIыпIэхэм узыщримыхьэлIэ псэущхьэхэмрэ къуалэбзухэмкIэ нэхъ къулей дыдэхэм ящыщщ. Абы къыхэкIыу а щIыпIэр сыт щыгъуи я плъапIэщ псэущхьэ къэдыгъуахэм мылъку къыхэзыххэм.**

ЕВРОПЭМРЭ Америкэм и Штат Зэгуэтхэмрэ я зоопаркхэм ахэр лъэпсейуэ езыщэ «браконьерхэм» я зэранкIэ щIыуэпсым хэщIыныгъэ ин зэригъуэтыр къалъытэу, мащIэ дыдэу фIэкIа узримыхьэлIэ псэущхьэхэмрэ къуалэбзухэмрэ хъумэнымкIэ 1977 гъэм къащтауэ щыта законыр ноби ткIийуэ ягъэзащIэ.

Индонезием уикIыу зи гугъу тщIа къэралхэм укIуэным гъуэгуанэ кIыхь дэлът, псэущхьэ цIыкIухэм къатемыхьэлъэнкIэ Iэмал имыIэу. БзаджащIэхэм гъэр ящIырт зыхуеину къуалэбзу куэд икIи а здашэм псэууэ нэсри мащIэ дыдэт.

Псом хуэмыдэу щIэупщIэ иIэт «жэнэт бзу» дахащэхэм. Ахэр къэралым ираш мыхъуну лIэужьыгъуэхэм зэращыщыр зыщIэ контрабандистхэр хьэгъэщагъэм хуекIуэрт: къуалэбзум и кIапэмрэ и щхьэ щыгумрэ тет къауц зэщIэпщIыпщIэхэр кIагуэу къащыхьырт, фIыцIэу ираIэжырти, кIэлъыплъакIуэхэм джэду фIэкIа ямыщIэу, къэрал гъунапкъэр зэпаупщIырт. Апхуэдэу куэдрэ екIуэкIащ, дунейм зихъуэжу, а бзаджагъэхэр хэIущIыIу къэхъуху. Индонезием и псэущхьэхэм я бжыгъэр зэрызэфIигъэувэжрэ куэд щIащ, нобэ туристхэм я нэхъ кIуапIэ щIыпIэхэм хабжэ.

**ШЭРЭДЖ Дисэ.**

# Анэдэлъхубзэм и лъагъуэхэшхэр



Нэгумэ Шорэ



Бырсей Умар



Iэщхьэмахуэ Даут



Яковлев Николай



Рогавэ Георгий



КIэрашэ Зэйнэб

**Нэгумэ Шорэ Бэчмырзэ и къуэр** (1794 - 1844) адыгэ тхыдэр, IуэрыIуатэр, литературэр, бзэр джынымкIэ япэ лъэбакъуэ зыча щIэныгъэрылажьэщ. Адыгэхэм я IуэрыIуатэм, тхыдэм лъабжьэ яхуэхъуа «История атыхейского народа» лэжьыгъэр 1839 - 1843 гъэхэм и Iэдакъэ къыщIэкIащ. Абы иужькIэ, 1843 гъэм, адыгэбзэм и грамматикэр зэхилъхьащ.

* * *

**Бырсей Умар Хьэпхьэл и къуэр** 1807 гъэм къалъхуауэ хуагъэфащэ. 1853 гъэм гъатхэпэм и 14-м Тифлис къыщцыдигъэкIащ «Адыгэбзэм и Iэлыфбейр», 1858 гъэм адыгэбзэм и тхыбзэр зэхигъэуващ.

* * *

**Iэщхьэмахуэ Даут Алий и къуэр** (1897 - 1946) япэ адыгэ щIэныгъэлI цIэрыIуэщ. Кавказ бзэщIэныгъэм нэхъ щIыпIэшхуэ щызыубыдхэм ящыщщ. Iэщхьэмахуэ Даутрэ Яковлев Николайрэ зэгъусэу зэдатхащ «Грамматика адыгейского литературного языка» тхылъыр, ар 1941 гъэм къыдэкIащ.

* * *

**Яковлев Николай Феофан и къуэм** (1892 - 1974) Iэщхьэмахуэм и гъусэу къыдигъэкIа лэжьыгъэшхуэм иджыри къыздэсым уасэ хуэщIыгъуейщ. Абы иригъуэзащ яужь ита щIэныгъэлIхэри.

* * *

**Рогавэ Георгий Виссарион и къуэр** (1905 - 1990) дуней псом къыщацIыху куржы щIэныгъэлI цIэрыIуэщ. И лэжьыгъэхэр нэхъыбэу зытеухуар картвелыбзэхэмрэ абхъаз-адыгэбзэхэмрэщ.

* * *

**КIэрашэ Зэйнэб Ибрэхьим и пхъур** (1923 - 1998) бзэщIэныгъэхэмкIэ кандидат хъуа япэ адыгэ бзылъхугъэщ, етIуанэу щIэныгъэхэмкIэ доктор хъуащ. Рогавэ Георгийрэ КIэрашэ Зэйнэбрэ зэгъусэу къыдагъэкIа «Грамматика адыгейского языка» (1966) лэжьыгъэм адыгэбзэм и лъэныкъуэ псори щызэпкъырыхащ.

Мы зи гугъу тщIа щIэныгъэлI цIэрыIуэхэм я IэдакъэщIэкIхэращ адыгэбзэм лъабжьэ хуэхъуар. Анэдэлъхубзэр джынымкIэ мыхэр япэ лъагъуэхэш хъуащ жыпIэмэ, ущыуэнукъым.

Бырсей Умар и «Адыгэбзэм и Iэлыфбейр» адыгэхэм я дежкIэ тыгъэ лъапIэщ.

Гъатхэпэм и 14-р адыгэбзэмрэ адыгэ тхыбзэмрэ я махуэу хэгъэунэхукIыным теухуа унафэр Адыгэ Республикэм и япэ Президенту щыта Джарым Аслъэн 2000 гъэм мэлыжьыхьым и 10-м къыдигъэкIауэ щытащ.

Мы гъэм 23-нэу дгъэлъэпIащ махуэшхуэр. Иджыри, гъатхэпэм и 1-м щегъэжьауэ и 31 пщIондэ, Адыгэ Республикэм ит еджапIэхэм Iуэхугъуэ зэмылIэужьыгъуэхэр щызэхашащ. Абыхэм ящыщщ Адыгэ филологиемрэ щэнхабзэмкIэ факультетым иригъэкIуэкI адыгэ диктантыр, АР-м Егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министерствэм зэхишэ зэпеуэхэр, нэгъуэщIхэри.

Анэдэлъхубзэм и зыужьыныгъэм зи гуащIэ хэзылъхьа бзэщIэныгъэлIхэу диIэри мащIэкъым: Тхьэркъуахъуэ Юныс, Абрэдж Ачердан, Аулъэ Казбек, Бырсыр Батырбий, Гъыш Нухь, ЗекIуэгъу Увжыкъуэ, КIурашын Казбек, Щауэкъуэ Аскэр, нэгъуэщIхэри.

Нобэ адыгэ лъэпкъым и пщэрылъ нэхъыщхьэхэм ящыщщ анэдэлъхубзэр хъумэныр. Адыгэбзэм зегъэужьынымкIэ нэхъ мыхьэнэшхуэ зиIэу иджыкIэ къыддэхъуар зэманым декIу програмэщIэу федеральнэ мардэм изагъэхэр диIэ зэрыхъуаращ. Абы гугъапIэ къыдет анэдэлъхубзэм дяпэкIи зиужьыну.

Бзэр зыхъумэнур къытщIэхъуэ щIэблэращ. Абы къыхэкIыу, ныбжьыщIэхэм адыгэбзэр фIыуэ ялъагъуу, я гупсысэхэр къраIуэтэфу егъэсэныр адэ-анэхэм, сабий IыгъыпIэхэмрэ еджапIэхэмрэ щылажьэ егъэджакIуэхэм я зэхуэдэ Iуэхущ.

**КIЭСЭБЭЖЬ Нэфсэт,**
*IэщIагъэм щыхагъахъуэ Адыгэ республикэ институтым и щIэныгъэ лэжьакIуэ.*

## Къэрэшей-Шэрджэсым и цIыхубэ усакIуэ Бемырзэ Мухьэдин къызэралъхурэ илъэс 75-рэ ирокъу

# ИIэхукIэ гъащIэ Хэкум хуэпсэуащ



**УсакIуэ цIэрыIуэ Бемырзэ Мухьэдин и Iэдакъэ къыщIэкIа сатыр гунэсхэм я фIыгъэкIэ ар адыгэ псоми фIыуэ ялъэгъуащ.**

КЪЭРЭШЕЙ-Шэрджэс Рес-публикэм и цIыхубэ усакIуэ, КъШР-м щIыхь зиIэ и егъэджакIуэ, «ЩIэнгъуазэ» газетым, Къандур Мухьэдин и цIэр зезыхьэ саугъэтхэм я лауреат Бемырзэ Мухьэдин Али-Бэрдыкъуэ (Хьэгъундыкъуей) къуажэм къыщалъхуащ. Я жылэм дэт курыт еджапIэр 1966 гъэм къиуха иужькIэ, Мухьэдин щIэтIысхьащ Къэрэшей-Шэрджэс къэрал пединститутым. ЕгъэджакIуэ IэщIагъэ зыIэрызыгъэхьа щIалэщIэм я къуажэм дэт курыт еджапIэм игъэзэжри (дзэм къулыкъу щыщищIа илъэс закъуэм фIэкIа къэмынэу), дунейм ехыжыху, адыгэбзэмрэ литературэмкIэ абы щригъэджащ.

Бемырзэм къалэмыр къыщищтам иджыри курыт еджапIэм щеджэрт, ар ебланэ классым щIэсурат «Инжыдж» зыфIища и япэ усэр «Черкес пэж» газетым къыщытехуам. Мухьэдин къыдигъэкIа тхылъхэм язызэми ар имыхуами, и япэ сабий усэр псэуху и гум ихуакъым, абы гъуэгу махуэ тришауэ ибжырти. Мухьэдин и усэхэм щIэлъ гупсысэхэр зэманым дэужьыхыркъым, уеблэмэ нобэ итхами ярейщ. Апхуэдэхэщ «Уадыгэным къикIыр», «Урыс-Кавказ зауэм хэкIуэда адыгэхэм», «ЛъэIу», «Ирехъу и Iэнэр узэда», «Къру жэщ», «Бажэм и фэр и бийщ», «Мейкъуапэ щыщIэдзауэ Адлер нэсу», «Адыгэм ноби бийхэр къатеуам», «Адыгэм жаIэ», «ГугъапIэ», «Тебэрды псыхъуэ», «Тыркум щыпсэу адыгэм и тхьэусыхэ», «Хэхэсым и гъыбзэ», «Громовый гул» седжа нэужькIэ», «Псысэ», «Псыхэгъэ», «Узгъейуэрэ си нэпсри гъущыжащ», «Си лъэпкъ, ухуэдэщ уэ къэкIыгъэ жылэу...», «Жэуап» усэхэр, «ЛIыгъэм и тхыдэ» поэмэр, нэгъуэщIхэри.

Мухьэдин егъэджэныгъэ IэнатIэм къыхуигъэщIа зырызхэм ящыщт. Ар сабийхэр фIыуэ зылъагъу егъэджакIуэ Iэзэт. Абы щыхьэт техъуэр 1988 гъэм ЩIэныгъэм и лэжьакIуэхэм я союзпсо съезду Мэзкуу щызэхэтам КъШР-м и лIыкIуэу ягъэкIуауэ зэрыщытамрэ «Къэрэшей-Шэрджэс Республикэм щIыхь зиIэ и егъэджакIуэ» цIэ лъапIэр къызэрыфIащамрэ я закъуэкъым, атIэ анэдэлъхубзэр я пкъынэлъынэм хыхьэу фIыуэ зригъэлъэгъуа щIэблэм я гум къэрина лъагъуэ нэхур сыт и уасэ!

ХъэтI щхьэхуэ, гупсысэ куу, зэхэщIыкI зиIэ тхакIуэт Бемырзэр. Абы и IэдакъэщIэкIхэм къапих адыгэмэр зыми хэгъуэщэнукъым. Ар и унагъуэми, къыдалъхуахэми, и ныбжьэгъухэми яхуэусащ, лъагъуныгъэм теухуауэ итхар мащIэкъым, ауэ Бемырзэ Мухьэдин и тхыгъэхэм нэхъыщхьэу къыхэщыр лъэпкъ узыр ипкъкIэ зэригъэварщ. «Адыгэу нобэ ущытыныр гугъущ» псалъэхэр абы езыгъэтха гъащIэр дыгъафIэ защIэу щытауи къыщIэкIынкъым, гурыIуэгъуэщ абы и гур цIыхухэмрэ лъэпкъымрэ «кIуэцIрыкIыбжэу» яхузэIуихауэ зэрыщытар.

АтIэ, сыт адрейхэм къащхьэщызыгъэкIыр Бемырзэм и хъэтIыр? - Абы и усэхэм ящIэлъ мэгъу къарурщ, Мухьэдин и IэдакъэщIэкIхэм уеджа иужькIэ уи гупсысэр зыубыд лъэпкъ узырщ, узэрыадыгэм папщIэ къыпхилъхьэ гушхуэныгъэрщ, лIыгъэрщ. Ахэращ тхакIуэм и IэдакъэщIэкIхэм гъащIэ езытыр.

Мухьэдин къулыкъущIэкъуу щытакъым зэи, и псэм хэлъ анэдэлъхубзэр щIэблэм яIурылъхьэным нэхъ IэнатIэфIи щIыхь зыпылъи щымыIэу къилъытэрт. Ар IупщIу къыхощ абы ита интервьюхэм я зым.

«...Усэнри щIэблэ гъэсэнри, бзум и дамитIым хуэдэу, зэкIэрыпч мыхъуну зэпыщIащ. Аращ, армэм сыдэмыкI щIыкIэ щIэздзауэ, гукIи псэкIи сфIэкъабылу ди къуажэ еджапIэм ди лъэпкъыбзэмрэ литературэмрэ щIыщезгъэджыр. ИкIи сэ абы гупсысэ нэхъыщхьэу къыхэсхар аращи, нобэ зи щIэблэр зыIэщIэзыгъэкI лъэпкъым пщэдей и бзэри IэщIэкIынущ, сыту жыпIэмэ, ар зэрыбгъасэ щIыкIэм, зыщIэппIыкI псалъэхэм елъытыжащ и анэдэлъхубзэм ирипплъыну фэри. Ауэ щыхъукIэ, урипсэун, уи бын ирипIын къудей щхьэкIэ утхэнри анэдэлъхубзэм урилэжьэнри икIагъэщ. Бзэм бын ирапIыркъым, ирагъасэ мыхъумэ. Аращи, си лъэпкъымрэ си бзэмрэщ зытеухуар, адыгэ щIыналъэрщ зыхуэгъэпсар сэ зы бзум и дамэу слъытэ IэщIагъэтI къыхэсхари, си япэрей «уэрэд» нэхъыщхьэу слъытэри. Ауэ а уэрэдыр сабийр зэрагъэжей, зэрытрагъэу гущэкъу уэрэдкъым, атIэ ди зэман къуапэтемэным, ерум хэкIуэдэжу хуежьа си лъэпкъыр бэнэныгъэм хуезыджэ тхьэгъушщ. ИкIи а тхьэгъушым и макъыр зи гумрэ зи псэмкIэ зыхэзыщIэ цIыхухэрщ зыхуэгъэзар «уэрэдкIэ» сызэджэ си усыгъэхэр».

Бемырзэм Къэрэшей-Шэрджэсым и курыт еджапIэхэм адыгэ литературэр 9-нэ классым зэрыщадж учебникымрэ программэ зыбжанэмрэ, 9-нэ, 11-нэ классхэм я хрестоматиехэр зэхилъхьауэ щытащ.

Абы и IэдакъэщIэкIхэу: «Зэкъуажэгъухэр» (АбытIэ В., Шорэ А., АбытIэ Хъ. сымэ я гъусэу), «ЛIыгъэм и тхыдэ», «Уэрэду сиIэр уэрщ», «ДыгъафIэ уэс», «Адыгэу ущытыныр гугъущ», «Бемырзэ Мухьэдин и усыгъэ дунейр» усэ тхылъхэр лъэпкъ литературэм игъафIэ къыдэкIыгъуэхэм, цIыхухэм зэIэпахыу щIаджыкIхэм ящыщщ.

ЗэрыусакIуэм, егъэджакIуэм къыдэкIуэуи, Бемырзэр зэдзэкIакIуэ Iэзэт. «Уэрэду сиIэр уэрщ» тхылъым итщ Пушкиным, Есениным, Блок, Бодлер, Ахматовэм, Кедриным, Гамзатовым, Светловым я усэхэм ящыщ, Мухьэдин адыгэбзэкIэ зэридзэкIауэ.

Бемырзэ Мухьэдин и IэдакъэщIэкIхэмрэ абы и гъащIэ гъуэгуанэмрэ щIуплъыкIа иужь, абы и усэхэр псалъэ дыгъэл къудей мыхъуу, езым и дуней тетыкIэу зэрыщытар IупщI мэхъу. КъыкIэлъыкIуэ сатырхэр щыхьэт тохъуэ ар дунейм тетыху и хэкум, лъэпкъым зэрыхуэпсэуам.

*«Уи Хэкум куэдрэ уэ хуумыщI тхьэлъанэ,*
*«СылIэнщ уэр щхьэкIэ» - жыпIэу умыув,*
*Iуэхуншэу упэмыплъэу ущылIэным,*
*УиIэхукIэ гъащIэ - Хэкум хуэпсэуф!»*

**ИНЭРОКЪУЭ Данэ.**



***Ди гуапэу фи пащхьэ идохьэ Бемырзэ Мухьэдин и лэжьэгъухэмрэ ныбжьэгъухэмрэ зэман зэмылIэужьыгъуэм къыхужаIа псалъэ гуапэхэр***

### Къэбэрдей-Балъкъэрми, Адыгейми, Къэрэшей-Шэрджэсми щыцIэрыIуэщ

Мухьэдин и IэдакъэщIэкIхэм ди хабзэр, нэмысыр, адыгэ лъэпкъым и бын пажэхэм я щапхъэр я лъабжьэщ.

Бемырзэм и гъащIэм щIэлъ IэфIыр, дуней еплъыкIэр IупщIу щызыхыбощIэ «ГъащIэ», «Анэ», «Зауэм теухуа балладэ», «Хэку», нэгъуэщI и IэдакъэщIэкIхэми. Зауэ нэужь зэман хьэлъэм адэншэу къэхъуа усакIуэм и гупсысэхэм щыпажэр зауэжьым и щIэин дыджыр цIыхубэм иджыри «къазэреузырщ».

И япэ усэхэм щегъэжьауэ Мухьэдин лъэпкъым и къэкIуэнум, и пщэдейрей махуэм щIита уасэм щIогупсыс. И гупсысэхэмкIи уасэ иретыф а псом. Бемырзэ Мухьэдин и усыгъэхэм увыпIэшхуэ щызыубыдыр и лъэпкъым хуэгъэза гупсысэращ. Тхыдэ гущIэгъуншэм къыпхрихыу, гуауэ щIэин лъэужьу къыздихь гупсысэ хьэлъэращ усакIуэр зыгъэпIейтейр, и гущIэм зыкъезыгъэгъазэр. Кавказ зауэжьым лъэпкъым къыхуихьа гуауэ мыухыжым, мухьэжыр гъуэгужьым, кIуэдыпIэм ихуэу, дуней псом щипхъыхьа хъуа адыгэм и дыгъэщ Бемырзэм хукъуэкIри хукъухьэри. «ЛIыгъэм и тхыдэ», «Уэрэду сиIэр уэрщ», «ДыгъафIэ уэс», «Адыгэу ущытыныр гугъущ» усэ тхылъхэр нэхъыбэу зытеухуар а гупсысэхэращ. И лъэпкъращ Бемырзэм и гъащIэри и усэхэри тыгъэ зыхуищIыр. И лъэпкъым и бын пажэу дунейм тета адыгэлIщ къызыхуэгъэщIынур Бемырзэ Мухьэдин и усыгъэм хуэдэ.

**БЭЧЫЖЬ Лейлэ,**
*филологие щIэныгъэхэмкIэ доктор, профессор.*

* * *

Бемырзэ Мухьэдин сыт и лъэныкъуэкIи и усэхэр узэдауэ щытщ. Абыхэм хуабжьу уагъэгупсысэ, уи гур хагъахъуэ, узэщIаIэтэ. И дуней еплъыкIэри, и жыIэгъуэхэри зыми хэзэрыхьыркъым. Абы езым иIэжщ и шэсыпIэ, и усэхэм ятелъщ Бемырзэ Мухьэдин зэрейр къозыгъащIэ дамыгъэхэр.

**БАКIУУ Хъанджэрий,**
*филологие щIэныгъэхэмкIэ доктор.*

* * *

Псом хуэмыдэу Бемырзэр хуэгупцIанэщ къэзылъхуа лъэпкъым, лъахэм, абы и тхыдэм. Ди лъахэ уардэм и хьэуа къабзэмкIэ «мэбауэ» и дэтхэнэ зы усэри.

**КIЭЩТ Мухьэз,**
*тхакIуэ.*

* * *

Ажал ерур цIыхухэм къыщытхэIэбэкIэ, пасэу и нэIэ къытридзам хуэдэу, цIыху зэчиифIэхэр, лъэпкъри къэралри зэрыгушхуэхэр тхеуд. Ауэ апхуэдэ цIыхухэм я лъэужьыр къытщIэхъуэ щIэблэм гъуэгугъэлъагъуэу яIэнущ. Апхуэдэ цIыху уахътыншэхэм ящыщу ди адыгэ тхыдэм къыхэнэнущ усакIуэ, тхакIуэ, журналист Бемырзэ Мухьэдин.

**АБЫТIЭ Владимир,**
*тхакIуэ.*

* * *

Бемырзэр Адыгейми, Къэбэрдейми, Шэрджэсми щыцIэрыIуэ усакIуэщ, иджырей адыгэ усыгъэм и уэгум нэхъ наIуэу, ину къыщыблэ вагъуэхэм ящыщ зыщ.

**ПЩЫБИЙ Инал,**
*щIэныгъэлI, къэхутакIуэ.*

* * *

**Дунейм щыкIуэдкъым лъэужьыншэу зырикI.**
**КъэкIыгъэу зэман гуэрым щытыгъарщ**
**ФIамыщIкIэ деджэу къытхуэна гъэсынрикI,**
**АбыикI, плъагъукъэ, яжьэ ирегъэщI.**
**КIуэдынукъым абы иужькIи яжьэр, -**
**Къэмынэу щыщ щIым хуейми щIырефыж, -**
**Ар, хуохъури щIыгъэпшэр лэжьыгъэ ящIэм,**
**КъэкIыгъэхэм аргуэру зыщIафыж.**
**Апхуэдэщ цIыхури. И пкъыр щIым хыхьэпэу**
**КIуэдыжми - и лъыр зэкIи мыщыжынщ!**
**ФIамыщIым зи пIэр къыхэна жыг тхьэмпэу,**
**Зэгуэрым щIэблэ къиувэнум ди пIэм**
**Ди щэн е ди сурэт къыхэщыжынщ.**

### СЫКЪАЩIЭЖЫНЩ

**СызыщIэхэм нэгъуэщIхэм ягу ящIогъу,**
**НэгъуэщIхэм хуагъэтIыгъуэ псалъэ гуапэ,**
**Сэ илъэсищэ къэзгъэщIэн ящохъу,**
**Зэгуэрым си гур къащIыжыну хуабэ.**

**АрщхьэкIэ фалъэм псы икIуэсыкIау,**
**Ажалым бахъэ пщтыру саIэщIихмэ,**
**Абыхэм къащIэжынщ яIэщIэкIар,**
**Къум дыгъэу гукъэкIыжым я гур щIихыу…**

* * *

**ГъащIэ зиIэр лIэкIэ гъэщIэгъуэнкъым**
**Псэ зыIутым арщи хуиухар -**
**Зи быдагъым зы пхудэмыгъуэну**
**СфIэщIыгъа къуршыжьыр къеухащ.**
**Сэ сихьэнт а бгыжьым щхьэ шэсыпIэ,**
**ИгъэщIэну жысIэу илъэс мин,**
**И дурэшхэр ящIрэ бгъэм тIысыпIэ,**
**ЦIыху лъэмыкIыу и щхьэм дэкIуеин.**
**Ауэ сыт - бгъэ шырхэри и гъусэу,**
**Бгым и ныкъуэр псым щIигъэнэжащ,**
**Къыр абрагъуэм и зы натIэ бгъузэрщ**
**Къемыхуэхыу щыгум къинэжар.**
**Ауэ гугъэр и щIэинкъэ адэм -**
**Мес аргуэру ирагъэзри дзыхь,**
**Къемыуэхыу къэнэжа бгы натIэм**
**НэгъуэщI бгъэхэм абгъуэ тращIыхь...**

### ЛЪЭIУ

**Адыгэ лъэпкъым и Iэпкълъэпкъ пщыкIутI -**
**Адыгэ анэм и зэш бын гъуэзэджэ,**
**Фэ адэжь хэкум вагъуэу фыщылыдт,**
**Фыкъэзылъагъухэр къывэхъуапсэу зэкIэ.**
**Натхъуэджыр, беслъэнейр, еджэрыкъуейр,**
**Жанейр, мэхъуэшыр, хьэтыкъуейр,**
**шапсыгъыр,**
**ИтIанэ абазэххэр, къэбэрдейр,**
**Адэмей лIакъуэр, кIэмыргуейр, бжьэдыгъур.**
**Кавказым и дахапIэр фэ фи хэкут,**
**ЩIыгулъым я нэхъ бейр фи хьэсэ щIапIэт,**
**Къэрал зэмыщхьхэм къыфхухашу гъуэгу,**
**Фи тенджыз Iуфэр яIэт кхъухьтедзапIэу.**
**Иджы фэ дуней псом фыщикъухьащ...**
**Фэрыншэу нэщхъеялэщ чэщей мэзхэр,**
**Фэрыншэу, уэгум вагъуэ щипхъыхьар**
**Мэкъуауэ бадзэу, мафIэ нэпцIкIэ мэсхэр.**
**Адыгэ лъэпкъым и лIакъуэ пщыкIутI,**
**Iэпкълъэпкъыу цIыхум фэ фхуэдизщи иIэр,**
**Зыгуэр фыхэщIу и гур ивмыуд,**
**Фи псэуныгъэр гурыфIыгъуэу зиIэм.**

# ТэнэиситIым я хъыбар

**Псы Iуфэм щыпсэууэ щыта пасэрей адыгэхэм сытым дежи къэралыгъуэ яIащ. Абыхэм къалэ щIэращIэхэр яухуэрт, сату Iуэхушхуэхэм зэрыхэтымкIэ дуней псом къыщацIыхурт. Тхыдэм къыхэна щIэныгъэр щыхьэт зытехъуэ адыгэ къалэхэм ящыщщ Тэнэисыр (Танаис), алыдж зэрыпхъуакIуэхэм я дамэ щIагъэувауэ щыта мэуэт къалэр. Ди лъэхъэнэм ипэкIэ 100 - ди лъэхъэнэм и 300 гъэхэм щыIа къалэр тIэунейрэ зэхакъутэурэ яухуэжащ. ЛIэщIыгъуэ зыбжанэкIэ къалъыхъуа Тэнэис и щэхухэм ящыщ зыуэ ращ ар щIызэтракъутам и щхьэусыгъуэр!**




ТХЫДЭТХ, географ Страбон и тхыгъэхэм щытопсэлъыхь а къалэм, алыджхэм зэрызэхакъутар къыхигъэщу. Ауэ абы щхьэусыгъуэ хуэхъуам и гугъу ищIыркъым, ди жагъуэ зэрыхъунщи. ИужьыIуэкIэ къызэрахутамкIэ, псы Iуфэм Iуса къалэхэм я нэхъ лъэрызехьэ дыдэхэм ящыщу, сатущIапIэ лъэщу щыташ Тэнэисыр, Мэуэтейм и къалэ телъыджэр.

Япэ дыдэу а къалэм и лъэужь теувар урыс археологием и лъабжьэр зыгъэтIылъа Стемпковский Иванрэ Дюбрюкс (Поль) Павелрэщ. Стемпковскэр Париж кIуэуэ, Страбон и «География» тхылъ 17-р щIиджыкIа нэужь, къыгурыIуат Тэн псыр Iузэвым щыхыхьэжым деж пасэрей Тэнэисыр зэрыщытар. Ауэ академикыр Iузэв и кавказ Iуфэм къэсу псори и нэкIэ зригъэлъэгъуа нэужь, къыгурыIуащ илъэс мини 2-м къриубыдэу псы Iуфэм зэрызихъуэжар: пасэрей къалэжьхэр е псым щIилъэфат, е илъэсат, е псыр къеуэурэ зэтрикъутэри, мывэ къутахуэу зэхэщэщэжат. Абы хуигъэфэщащ Тэнэисыр Тэн псым и сэмэгурабгъум тесауэ, ауэ зы щыхьэти къыхуэгъуэтакъым. Апхуэдэу щыхъум, ТаганрогкIэ екIуэкIри, щIэупщIащ. Абдежи IуэрыIуатэм къыщыхэщтэкъым а щIыпIэм зэгуэр къалэр щыIэххауэ.

Стемпковскэр цIыху ерыщт, къынтIэсынтIэти, зыгуэр къимыгъуэту кIуэжынутэкъым. Арати, егупсысу щIидзащ: Iузэв и Iэхэлъахэр пшахъуэщIщ, укIуэцIрощэт, абы Тэнэисыр щIэтIысыкIауэ къыщIэкIынущи, умылъыхъуэххэми хъунущ. Абы пасэрейхэр щыгъуазэу щытамэ, мыхъейуэ щIы быдэ гуэрым тращIыхьагъэнущ къалэр... Недвиговкэ къуажэм «мыхъей» псалъэр и лъабжьэ щыхъуакIэ, аращ щIы быдэу щытари, Тэнэис щылъыхъуэн хуейри. Пэжу, къуажэм километр зыбжанэкIэ пэжыжьэу Иван къигъуэтат быдапIэ блынхэр, хьэкхъуафэ дэтIыкIахэр, алыдж хьэкъущыкъу къутахуэхэр, ахъшэ жьгъейхэр.

Стемпковский а къэхутэныгъэр и кIэм нигъэсакъым, апхуэдизу зыщIэбгъыу щыта къалэри къитэщIыжакъым, куэд дэмыкIыу дунейм зэрехыжам къыхэкIыу.

Абы лъандэрэ илъэс 30 дэкIыжауэ, Николай Езанэ пащтыхьым Ростов областым и щIыр къэзакъхэм ятригуэшэн щIидзащ. Абы и министру щыта Перовский Лев идакъым пасэрей Тэнэисыр здэщытауэ зыхуагъэфащэ щIым лей зэрырахыр. «Къэзакъхэм епта щIым археологиемкIэ мыхьэнэшхуэ иIэщ. Ар абыхэм зэхатIыхьынущ, хъугъуэфIыгъуэу къыщIахыр зыкIэщIаупщIэнущ, быдапIэ къагъуэтыжам и блынхэр зэхакъутэнурэ, унэ, псэуалъэ щащIкIэ къагъэсэбэпынущ. И чэзу къэсауэ къысщохъу Тэнэисыр къэттэщIыжыным!», - жиIэри, пащтыхьым хуитхат абы. Пасэрей къалэжьхэм къащIэныжа хъугъуэфIыгъуэхэм хуэнэпсей пащтыхьыр арэзы хъури, илъэс 30 фIэкIа мыхъу профессор Леонтьев Павел унафэщIу яхэту, археолог гуп къиутIыпщащ, Тэнэис къагъуэтыжыну къалэн къащищIри.

ЩIэныгъэлI жыIэдаIуэр къэсри, занщIэу еувэлIащ Iуэхум. Ауэ и кIэн къикIакъым... Тэнэис здэщыта щIыпIэм и Iэхэлъахэм ит мэуэт, щэрмэт Iуащхьэхэр куэд щIауэ зэхадыгъуауэ, уасэ зиIэ гуэри щIэмылъыжу къыщIэкIащ. Ауэ щыхъум, пащтыхьым и ней къыщыхуэнкIэ шынэри, Леонтьевым лэжьакIуэхэм я зэхуэдитIым Недвиговкэ жылэ цIыкIум и лъабжьэр щIатIыкIыну унафэ яхуищIащ. Абы быдэу и фIэщ хъурт иджыри илъэс 35-рэ и пэкIэ Стемпковскэм жиIауэ щытар - а къуажэм и лъабжьэм Тэнэис зэрыщIэлъыр.

Пэжу, Недвиговкэ къуажэм и лъабжьэм къалэжь къыщагъуэтыжащ абы щыгъуэ, ауэ ар мыхьэнэншэт, къызэрыгуэкIт, блынхэр Iушэт, лъахъшэт, хьэкъущыкъухэр а лъэхъэнэм щыIэн хуеяхэм нэхърэ куэдкIэ нэхъ фейцейт. Къыпщыхъурт абы щыпсэуа цIыхухэр жьэгум пэрысу къекIуэкIауэ, унэ зэращI къудей ямыщIэу. Леонтьевым и гукъыдэжыр зэуэ къехуэхащ, абы и фIэщ ищIыну хуейтэкъым пасэрей Тэнэисыр апхуэдэ дыдэу тхьэмыщкIэу, мыфэмыцу, хуэмыщIауэ щытауэ. «Страбон зэритхамкIэ, ди лъэхъэнэм и 100 гъэхэм и кIэм ирихьэлIэу Тэнэисыр зэтезыкъутар боспорыпщ Полемонщ. Мы къыщIэттIыкIыжар абы куэд дыдэкIэ къыщхьэщокI, уеблэмэ алыджхэм Iэпэ хуамыхьам хуэдэу, нэгъуэщI культурэщ зыщIар. Мыр Тэнэискъым!», - итхыжауэ щыташ щIэныгъэлIым.

Леонтьевым къэлыбауэ апхуэдэу итха щхьэкIэ, мыгувэу гупым мрамор блын зыбжанэ къыщIагъэщащ, тхыгъэ гуэрхэр тедзауэ. Абдежым Павел и фIэщ ищIын хуей хъуащ, минрэ игу иримыхьми, Недвиговкэ и лъабжьэм щIэлъыр зэры-Тэнэисыр. Мрамор блыным тетым тепщIыхьмэ, ар япэрей Тэнэисыр зэтракъута нэужь, Къуэтий Ещанэм и хьэмтетыгъуэм яухуэжа Тэнэис етIуанэрт. Леонтьевыр теужащ. Страбон зи гугъу ищI Тэнэисыр нэгъуэщI щIыпIэт зыщIэлъыр, икIи щыIэт, етIуанэр къыщагъуэтакIэ. ЩIэныгъэлIым пасэрей тхыгъэжьхэр къиIэтыжри, набдзэгубдзаплъэу щIиджыкIащ, щIэныгъэу бгъэдэлъыр зэригъэзэхуэжри, алъандэрэ зы цIыхум игу къэмыкIа Зэшитху Iуащхьэхэмкiэ еплъэкIащ. Абы къызэрибжамкIэ, абыхэм я лъабжьэм щIэлът пасэрей Тэнэисыр. Ауэ щыхъум, Недвиговкэ деж Леонтьевым къыщIитIыкIыжа къалэм Тэнэис цIыкIу фIащащ, икIи 1867 гъэм Пащтыхь Археолог комиссэм лэжьыгъэшхуэхэр зэхиублащ Тэнэисышхуэр Зэшитхум я лъабжьэм къыщIэхыжынымкIэ.

Мызыгъуэгум лэжьакIуэ гупым унафэщIу яхэтыр фон Тизенгаузен Владимир бароныртт. Недвиговкэ и Iэхэлъахэм къыщигъуэтыжа Iэмэпсымэ, хьэпшып къызэрыгуэкIхэмкIэ мыарэзыуэ, Анапэ и Iэхэлъахэм ит Зэшибл Iуащхьэхэри зэхитIыхьащ абы. Мис а Iуащхьэхэм я лъабжьэм бароным къыщыщIихат дыщэ хьэкъущыкъухэмрэ Iэмэпсымэхэмрэ. Ауэ абы теухуауэ зы псалъи къыхигъэщакъым иригъэкIуэкIа лэжьыгъэр зритхэ тхылъым. Бароным пащтыхьыр къигъэщIэхъуащ, къыIэрыхьа къулеигъэхэр къищтэри, зигъэбзэхыжащ, щIэныгъэм зыгуэркIэ сэбэп хуэхъун зы псалъи къызэримынэкIыу.

ЩIы лъабжьэм щIэбэмпIыхь къалэжьыр езыр-езыру нэхумкIэ къеIэу къыщIэкIащ: Ростов - Таганрог гъущI гъуэгур щытралъхьэм щыгъуэ лэжьакIуэхэм зэрымыщIэкIэ къагъуэтыжащ ар. «Донские новости» газетым 1869 гъэм къытехуащ е АзовкIэ, е ДонкIэ кIуэуэ щIэкIыпIэ гуэрхэр щIым щIэлъу къызэратIэщIам теухуа тхыгъэ. ЗэрыжаIэмкIэ, абдеж къыщIахыжат дыщэ хьэпшыпхэмрэ ахъшэ жьгъей бжыгъэншэхэмрэ.

1870 гъэм къыщыщIэдзауэ илъэс 50-кIэ археологхэм мызэ-мытIэу ягъэзэжащ а щIыпIэм, Тэнэисыр къагъуэтыжыну пабгъэу. А зэманым къриубыдэу Недвиговкэ жылэшхуэу тIысыжащ, унагъуэщIэхэр къахэтIысхьэм, унэщIэхэр дащIыхьурэ. ИкIи археологхэм къатIэщIаIами, цIыхухэм зэхадыгъуащ, щIым къыщIахыж мывэхэмкIэ псэуалъэхэр зэтралъхьащ.

1950 гъэхэм совет археологхэм щIэрыщIэу ятхыжащ Тэнэис и экономикэ, политикэ, щэнхабзэ тхыдэр...

АтIэ, къызэрахутамкIэ, Тэнэисыр боспорыпщ Полемон зэхикъутат. И щхьэусыгъуэр къахуэщIакъым, ауэ ар хьэкъщ. Къалэм зэмыпычу боспорыпщым тын иритырт, Пантикопейми гужьгъэжь лъэпкъ къыхуимыIэу къэгъуэгурыкIуэрт. Арати, зэшэзэпIэу, пщым и къалэхэм ящыщ зыр зэтрикъутэну мурад ищIащ. Апхуэдэ гуэр къыхощыж урыс тхыдэми - Иуан Ябгэм Новгородыр 1570 гъэм зэригъэсыжар, псалъэм папщIэ. Урыс пащтыхьым апхуэдэу щIищам и щхьэусыгъуэр тхыдэм дахэ дыдэу къретухэкI, ауэ Полемон Тэнэисыр щхьэ игъэсын хуей хъуа?

Полемон пащтыхьыгъуэм хуэзышар урымхэрщ. Ди лъэхъэнэм ипэкIэ 14 - 8 гъэхэм къриубыдэу хьэмтетыгъуэр зезыхьа пщыжьым пэщIэувэу, тын ирамытыну, щхьэхуэу псэуну хуейуэ мурад зыщIа, Тэнэис дэса лъэпкъым зыкъиIэтати, абы щхьэкIэ къалэр зэтракъутауэ хуагъэфащэ тхыдэджхэм.

А лъэхъэнэм Мэуэтейм щыпсэуа лъэпкъыр наIуэщ - адыгэхэр къызытехъукIыжа мэуэтхэр, ахэр ерыщу, лъы пщтыру, хахуэу зэрыщытари ящIэж. Арагъэнущ зытекIуэдэжари - боспорыпщым и дамэм къыщIэкIыну хуейуэ никъуэкъуэн зэрыщIадзар.

Тэнэис лъыхъуа щIэныгъэлIхэм адыгэбзэ ящIэу щытамэ, апхуэдиз илъэскIэ лъыхъуэну къыщIэкIынтэкъым къалэм. Сыту жыпIэмэ, Тэнэис щыпсэуа лъэпкъым и бзэмкIэ фIищыжат а фIэщыгъэцIэр, умылъыхъуэми, къызэрыбгурыIуэнкIэ наIуэу: Тэнэис - Тэн и Iэхэлъахэм ис.

**ФЫРЭ Анфисэ.**

# СурэтыщI гъуазджэм дихьэх артистхэр









**КъБР-м и СурэтыщIхэм я зэгухьэныгъэм къызэригъэпэщри иджыблагъэ «Гранд-Кавказ» хьэщIэщым щекIуэкIащ «Арт» спектаклымрэ гъэлъэгъуэныгъэмрэ.**

КъБКъУ-м и «Занавес» студент театрым и артистхэр художественнэ выставкэм зыкърезыгъэхьэлIахэм я пащхьэм щыджэгуну куэд щIауэ щIэхъуэпсырти, иджы къайхъулIащ. Спектаклым и макъамэр зытхар композитор Мэршэнкъул Астемырщ.

Франджы драматург Резэ Ясминэ и пьесэм къытращIыкIа спектаклым щIалищ щоджэгури, щыри ерыщу зодауэ. ЩIызэдауэр ахъшэкъым, политикэкъым, бзылъхугъэкъым, атIэ сурэтыщIым и IэдакъэщIэкIыу утыкум итырщ. Зым жеIэ а сурэтыр уасэншэу лъапIэу, адрейм абы и мыхьэнэр иреудых, ещанэм нэгъуэщI еIуатэ. Ахэр апхуэдизу Iэзэу зодауэри, пэшым цIыхуу щIэсым яфIэгъэщIэгъуэн мэхъу сурэтым ит теплъэгъуэр, ауэ ар спектаклым и кIэращ абыхэм щрагъэлъагъур. «Дахагъэр къэзылъагъуфым ейщ», адыгэ жыIэгъуэр нэхъ хуокIуэ мы спектаклым щIэлъ гупсысэ нэхъыщхьэм.

- Республикэм и художникхэм я пащхьэм дыщыджэгуну куэд щIауэ ди хъуэпсапIэт, ди лэжьыгъэр къазэрыщыхъунур тфIэгъэщIэгъуэнти. Выставкэм хыхьэу дыджэгуну дыщрагъэблагъэм, занщIэу арэзы дыхъуащ, - жеIэ театрым и художественнэ унафэщI икIи и режиссёр Дохъушокъуэ Мадинэ.

Ар зи пашэ гупым ягъэлъэгъуа спектаклыр еплъахэм ягу дыхьащ. Актёр джэгукIэ щIэщыгъуэу къалъыташ ялъэгъуар, артист ныбжьыщIэхэм я ролхэр къазэрехъулIам и щыхьэтщ абыхэм хужаIа щытхъу псалъэхэр.

*Тхыгъэри сурэтхэри* **ТЕКIУЖЬ Заретэ** *ейщ.*




● Дахагъэ

# Лъагъуныгъэм жьыгъэм дыщехъумэ

Бзылъхугъэм и щхьэц зэщIэкъуэкIэр ихъуэжамэ, куэд мыщIэу и гъащIэми зэхъуэкIыныгъэ хилъхьэну аращ.

* * *

ЦIыхубз мыдахэ теткъым дунейм, щхьэхынэ мыхъумэ.

* * *

Американкэхэр зыхуэдэ щыIэкъым, сыту жыпIэмэ, ахэр сыт щыгъуи мэгуфIэ.

* * *

ЗэкIужу, щIыкIафIэу дунейм утетын щхьэкIэ Iэмал имыIэу ущIалэу, удахэу ущытын хуейкъым.

* * *

Гуапэу къоплъращ зи нэр дахэр.

* * *

Жьыгъэм лъагъуныгъэм дыщихъумэркъым, ауэ лъагъуныгъэм жьыгъэм дыщехъумэ.

**ШАНЕЛЬ Габриель**.

● Псалъэжь шэрыуэхэр

# Уэ укъалэмэ, сэ сытопщ

♦***ИтI изыфынум из ифыкIэ ищIэркъым.***

Хьэрычэтыншэм, жэрдэмыншэм щхьэкIэ жаIэ.

♦***Джэду и къуэ дзыгъуащэщ.***

Адэм и хьэл къуэм къыхохуэ, уеблэмэ ар абы ещхь щыхъужыпи щыIэщ.

♦***ПащIэм къимыхьыр жьакIэм къихьыжыркъым.***

УщыщIалэм къыпхуэмылэжьар уи жьыщхьэ пхузэфIэкIыжынкъым.

♦***Уэших блэкIам щIакIуэ кIэлъумыщтэж.***

Мыхьэнэ иIэкъым, сэбэпи пылъкъым блэкIа, зэфIэкIа гуэрым, зи чэзур икIам укIэлъыIэбэжкIэ, укIэлъыпхъэрыжкIэ.

♦***Уэ укъалэмэ, сэ сытопщ.***

КъыпэщIэтым худичыхыну хуейкъым - зэрефIэкIыр и тегъэщIапIэщ. Хьэл, Iуэху еплъыкIэ, н.къ. екIурабгъуншэ зэжьэхэуэныгъэ, зэныкъуэкъу сытхэм ятеухуащ.

♦***ЗыхуэмышыIэ пщтырафэщ.***

Зыгуэрым ежьэн, пэплъэн щхьэкIэ шыIэныгъэр зыхуримыкъу хабзэ цIыхум теухуащ.

♦***Зи цIэ ираIуэ бжэщхьэIу тест.***

И гугъу щащI, е ягу къыщыкI, щегупсыс дыдэм ирихьэлIэу къыкъуокI.

● Шхыныгъуэхэр

## Мэлыл пшэр гъэбэкхъа, кIэртIоф щIэлъу

Лы цIынэр ятхьэщI, къупщхьэ хэлъмэ, г 20 - 25-рэ хъууэ цIыкIу-цIыкIуу зэпауд, псы щIыIэ щIакIэ, шыгъу хадзэри, и щхьэр тепIауэ ягъавэ. Зэ къытекъуэлъамэ, мафIэр цIыкIу ящI, и щхьэр тепIауэ ныкъуэвэ хъуху - дакъикъэ 40-кIэ трагъэт. ИтIанэ лэпсыр къыщIагъэж, шыуаныр мафIэм трагъэувэжри, щэр нэхъ псынщIэу ткIун щхьэкIэ зэIащIэурэ дакъикъи 10 - 12-кIэ ягъажьэ. Дагъэр къыщIидзауэ лыр тхъуэплъ щыхъум, мыцIыкIу дыдэу упщIэта бжьын, шыбжий плъыжь сыр хьэжа халъхьэ, лыбжьэн щхьэкIэ и лъабжьэм ягъакIуэурэ икIи мэ дахэ къыхихыу щIидзэху, дакъикъи 5 - 7-кIэ, ягъажьэ. Грамми 10 хуэдизурэ упщIэта кIэртIофыр халъхьэри, и лъабжьэм ягъакIуэ, и щхьэр тепIауэ дакъикъи 5 - 6-кIэ ягъажьэ. ИтIанэ къыщIагъэжа лэпсыр щIакIэжри, зэIамыщIэу, и щхьэр тепIауэ хьэзыр хъуху, дакъикъэ 25-рэ хуэдизкIэ, ягъэбэкхъ. МафIэм къытрахыж, джэдгын хаудэри, и щхьэр тепIауэ тIэкIурэ щагъэт. Пщтыру тепщэчым иралъхьэри, Iэнэм трагъэувэ. ПIастэ, чыржын, щIакхъуэ, мэжаджэ дашх.

*Халъхьэхэр (цIыхуитI Iыхьэ):*
мэлылу - г 300,





псыуэ - г 400,
бжьыныщхьэ укъэбзауэ - г 40,
кIэртIоф укъэбзауэ - г 200,
шыгъуу, шыбжийуэ, джэдгыну - узыхуейм хуэдиз.

## Джэш лыбжьэ

Джэшыр зэхадз, фIыуэ ялъэс, псы къэкъуалъэм хакIутэри, тхъурымбэр къытрахыурэ сыхьэтрэ ныкъуэкIэ ягъавэ. Шыгъу хадзэри, иджыри, апхуэдизкIэ ягъавэ. АпщIондэху псыр щIэвашщIэмэ, псывэ щIакIэ. Джэш вар зэрыпщтыру яуб е лыхьэжым щIагъэкIри, шыуаным иралъхьэж. Абы тхъукIэ гъэлыбжьа бжьын халъхьэ, шыбжий сыр хакIутэ, а псори зэIащIэ, шатэ хакIэри дакъикъи 7 - 8-кIэ къагъэкъуалъэ.

Хьэзыр хъуа джэш лыбжьэм джэдгын хаудэри, и щхьэр тепIауэ тIэкIурэ щагъэт мэ дахэ къиштэн щхьэкIэ. Пщтыру яшх, щIакхъуэ е пIастэ и гъусэу.

*Халъхьэхэр (цIыхуитI Iыхьэ):*
джэшу - г 200,
псыуэ - г 1450-рэ,
бжьын укъэбзауэ - г 30
тхъууэ - г 60,
шатэу - г 160-рэ,
шыгъуу, шыбжийуэ, джэдгыну - узыхуейм хуэдиз.

***«Адыгэ шхыныгъуэхэр» тхылъым къитхыжащ.***

● ФщIэн папщIэ

# Гъуэрыгъуэ мэкъуауэ

**Хасэ**. Нарт IуэрыIуатэм щыщщ. Абы къызэрыхэщымкIэ, нартхэр илъэс къэс зэ зэхуэсу щытащ, хасэкIэ еджэу. Хасэм щызэхуэсахэр нарт Iуэхухэм тепсэлъыхьырт, зэрыпсэун унафэ къащтэрт, тхьэ елъэIурт, джэгукIэкIэ зэпеуэрт. Хасэм нэхъыжьри, нэхъыщIэри, цIыхухъури, цIыхубзри зэхэдз имыIэу хыхьэрт. Хасэм лъэпкъкIэ, къулей-къулейсызкIэ зэхэгъэж ищIыртэкъым.

**ГукIэ къузыбжьэ**. Мэкъумэш е мэз щIыхьэху щащIам деж псом яужь иту къэзыгъэзэжам фадэбжьэ иратырти, ехъуэхъурт дяпэкIэ яужь къимынэу сыт щыгъуи пашэу щытыну. А фадэбжьэм гукIэ къузыбжьэкIэ еджэрт. Хабзэр щагъэзащIэу щытар Къызбрун, Зеикъуэ къуажэхэрщ.

**Гъуэрыгъуэ мэкъуауэ**. Зы унагъуэ къарукIэ зи мэкъу Iыхьэр пызымыупщIыжыфхэр гуп-гупурэ зэгухьэрти, зэдэIэпыкъуурэ я мэкъур паупщIырт. ПхъэидзэкIэ унагъуэхэр зэрызэкIэлъыкIуэнур яубзыхурти, зы махуэм зым и мэкъум щыщ паупщIырт, етIуанэ махуэм къыкIэлъыкIуэм ейр. Апхуэдэу къытрагъэзэжурэ, псом я мэкъури паупщIырт. Хабзэр щагъэзащIэу щытар Къармэхьэблэщ. Ди зэманым кIуэдыжащ.

**ДУМЭН Хьэсэн**.

● Псалъэ пэжхэр

# Гуащэр щытепщэм пщыр щеудыхащ

**●Адыгэ жьэгум и тетыр унэгуащэращ.**

**●Ди къэкIуэнур къэзышэр щIы хъурейращ, ар зышэжри ардыдэрщ.**

**●Ахъшэ зи мащIэм бохъшэ зэрихьэркъым, бохъшэ зезыхьэр ахъшэ зи хъушэрщ.**

**●ФIыгъуэу щыIэм нэхърэ нэхъыфIщ, абы апхуэдэ бзаджэнаджагъэ ищIэну си фIэщ хъуркъым, къыпхужаIэмэ.**

**●Уи мыIуэху зепхуэнри Iуэхум щыщщ.**

**●Адэ-анэм емыдаIуэм, гуIэу гъащIэр ехь.**

**●Фызыр унагъуэм щытепщэмэ, жьы уаер абы къыщопщэ.**

**●Гуащэ пхуэхъунум еплъи, итIанэ и къуэм дэкIуэ.**

**●ЦIыхубзхэр псори лъапIэ защIэщ, ауэ анэхэр псом нэхърэ нэхъ лъапIэжщ.**

**●Си анэр си гъусэмэ, уэсым сыхэсми содэ, - жеIэ быным.**

**●Гуащэр щытепщэм пщыр щеудыхащ.**

**●Гуащэ задэрэ нысэ ямыдэрэ щымыIамэ арат.**

**●Адэ-анэ мыхъумыщIэхэри бын хъуа-щIа щогугъ.**

**●Анэхэр унэ узэдмэ, адэхэр щIэгъэкъуэныфIщ.**

**●Анэ псалъэм елъэпауэр щIы джафэми щылъапэрапэущ зэрытетынур.**

**●Сэ сызэрыгубзыгъэр сощIэж, ауэ адрейхэм ящIэркъыми ращ сыщIэгузавэр.**

**●ГъащIэм нэхъ егъэджакIуэшхуэ щыIэкъым, ди сабиигъуэ дыдэм щыщIэдзауэ дыпсэуху ди егъэджакIуэр ращ.**

КIУРАШЫН Алий.

# Псалъэзэблэдз



***ЕкIуэкIыу:*** **4**. Шым ... шыдым шэсыркъым. **5**. Псэуалъащхьэ блыным декIуэкI натIэ. **8**. ЕуэкIыпIэ. **9**. Шэми шхуми ... **11**. ЩIымахуэм жыг къудамэхэм трищIа сытхъу. **12**. Алыхьым и Iуэхутхьэбзащӏэ.

***Къехыу:*** **1**. Зи фэм щыз, лышхуэ зытелъ. **2**. «Нэгъуэщӏ щIалэхэмкIэ уемыплъэкI», «Нусэ», «Уи кIэсинкIэр», «Мылицэ щIалэм и уэрэд», «УзиплъапIэщ» уэрэдхэр зыуса, мылицэм и лэжьакIуэу щыта. **3**. Къэгубжьмэ, бжьакъуэпэкIэ укъезыхьэкIыну хьэзыр Iэщ пIащэ. **6**. Пщыхьэщхьэм зэрымыщIэкIэ ... къыкъуэуащ. **7**. Жьыуэ къэтэджарэ ... къэзышарэ щIегъуэжыркъым. **10**. ЩоджэнцIыкIу Алий и цIэр зезыхьэ театрым и джэгуакIуэ, КъБР-м и цIыхубэ артисткэ. **12**. Пхъэщхьэмыщхьэ гуащIэ цIыкIу. **13**. Дадэ ... матэ куэд ищIащ.

*Зэхэзылъхьар* **МЫЗ Ахьмэдщ**.

***Мэлыжьыхьым и 1-м ди газетым тета псалъэзэблэдзым и жэуапхэр:***

***ЕкIуэкIыу:*** **1**. Къищтэри. **4** Уэшх. **5**. Хэсщ. **7**. Щыт. **10**. Гъуанэщ. **11**. Емыджа. **14**. Бын. **16**. Мащэ. **17**. Iыхьэ. **18**. МывитIрэ.

***Къехыу:*** 1. Къашэ. **2**. Темылъ. **3**. ИIэщ. **4**. Узигъусэм. **6**. Щынащхьэ. **8**. Лъэр. **9**. Хъумэ. **12**. ЦIыкIуми. **13**. Пщым. **15**. ЩIыкIэ.

# Сабий дыгъэхэм ядоIэпыкъу

**КъБР-м и Лъэпкъ музейм мэлыжьыхьым и 3-м къыщызэIуахащ «Уэшхым и цIыху» фестивалыр. Выставкэр къызэригъэпэщащ «Индиго» сабий центрым. Гъэлъэгъуэныгъэм утыку къыщрахьащ «Кармо Арт» студием екIуалIэ, зи узыншагъэм ныкъусаныгъэ иIэ ныбжьыщIэ 40-м нэблагъэм я IэдакъэщIэкI сурэтхэр. Абы щыщу лэжьыгъэ 30-р ейщ илъэситI ныбжьым иту сурэт щIын щIэзыдза Иуаз Амир.**

- ВЫСТАВКЭМ си гуапэу зыкърезгъэхьэлIащ. Мы сурэт щIэщыгъуэхэр куэдым уезыгъэгупсысщ. Зэуэ гу лъыботэ: лэжьыгъэхэр зи Iэдакъэ къыщIэкIа сабийхэр Iущщ, къабзэщ, гъащIэм и плъыфэхэр гъэщIэгъуэнышэу зыхащIэ, - жиIащ КъБР-м щэнхабзэмкIэ и министр **Къумахуэ Мухьэдин**.

- Ди сабийхэм зэфIэкI зиIэ сурэтыщIхэр куэду яхэтщ. Абыхэм я зэфIэкIыр къэдгъэнэIуэнымрэ я бынхэм я Iэзагъэм адэ-анэхэм гу лъедгъэтэнымрэщ мураду диIар. Фестивалым гъэ къэс зэрызиубгъур нэрылъагъущ. Жылагъуэ зэгухьэныгъэхэмрэ мылъкукIэ зыкъытщIэзыгъакъуэхэмрэ ди Iуэхур зэрагъэкIуатэм папщIэ фIыщIэ яхудощI, - жеIэ выставкэр зи жэрдэм, илъэс 16 хъу сурэтыщI ныбжьыщIэ Иуаз Амир и анэ **Сэхъу Ренатэ**.



Сабийхэм ядэлажьэ, медицинэ щIэныгъэхэмкIэ доктор, профессор, дохутыр-психиатр **Теммоевэ Лейлэ** и псалъэм къыхигъэщащ аутизм узыфэ зиIэ цIыкIухэр гъащIэм къыхэшэным и IуэхукIэ адэ-анэхэмрэ апхуэдэхэм ядэлажьэ цIыхухэмрэ я пщэм къалэнышхуэ къызэрыдэхуэр. Абыхэм гъуазджэр я тегъэщIапIэу сабийхэм зрагъэужь, цIыхухэм яхэтыфу ирагъасэ.

КъБР-м и СурэтыщIхэм я зэгухьэныгъэм и правленэм и унафэщI **Къаныкъуэ Жаннэ** гу лъитащ сурэт щIыным дихьэх сабийхэм я бжыгъэм хэпщIыкIыу зэрыхэхъуам икIи фIыщIэ яхуищIащ абыхэм я узыншагъэр егъэфIэкIуэным жэуаплыныгъэ пылъу бгъэдэт дэтхэнэ адэ-анэми, гъэсакIуэми.

КъБР-м и Лъэпкъ музейм и унафэщI **Накуэ Феликс** жиIащ сабийхэм я зэфIэкIым зэрыхагъэхъуар зэрынэрылъагъур, я лэжьыгъэхэмкIэ куэд къызэрызэщIаубыдар, зэрылажьэ Iэмалхэри зэрырагъэфIэкIуар. СурэтыщI, нэгъуэщI гъуазджэ лIэужьыгъуэ дихьэххэм музейм и бжэр зэрыхузэIухар жиIащ абы.

Гъэлъэгъуэныгъэм хагъэхьа сурэт зыбжанэр я Iэдакъэ къыщIэкIащ «Кармо Арт» студием екIуалIэ ныбжьыщIэхэм. Ар ягъэлажьэ Къэрмокъуэхэ Эльмирэрэ Мариерэ. Зэшыпхъухэр я адэ сурэтыщI Къэрмокъуэ Аслъэн и лъагъуэм ирикIуэжащ. Илъэсих мэхъу сурэтыщI ныбжьыщIэхэм я лъэщапIэ абыхэм къызэрызэIуахрэ. Студием сабий 60-м нэблагъэ йокIуалIэ.

Выставкэр тхьэмахуитIкIэ лэжьэнущ. Абы щащэхуну сурэтхэм къыпэкIуэмкIэ сабий дыгъэхэм ядоIэпыкъу.

**ТЕКIУЖЬ Заретэ.**

*Сурэтыр* **Къарей Элинэ** *трихащ.*



# ТекIуахэр ягъэгушхуэ

**Хабзэ зэрыхъуауэ, мэлыжьыхьым и 30-м ягъэлъапIэ Урысейм МафIэсым пэщIэтынымкIэ и IуэхущIапIэм и махуэр. Ар къызэрызэрагъэпэщрэ илъэс 374-рэ, абы и къудамэ КъБР-м зэрыщыIэрэ илъэси 189-рэ ирокъу мы гъэм. А Iуэхугъуэхэм хуэгъэпсауэ ирагъэкIуэкIащ сабий творчествэмкIэ республикэ зэпеуэ. Абы щытекIуахэмрэ къыхэжаныкIахэмрэ щагъэлъэпIащ Къэбэрдей-Балъкъэрым мафIэсым пэщIэткъегъэлакIуэ IуэхущIапIэм.**

ЗЭХЬЭЗЭХУЭМ и къызэгъэпэщакIуэщ Къэбэрдей-Балъкъэрым и мафIэс-къегъэлакIуэ IуэхущIапIэр, Урысейм и МЧС-м и управленэ нэхъыщхьэу КъБР-м щыIэр, КъБР-м Егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министерствэмрэ МафIэсым пэщIэтынымкIэ урысейпсо зэгухьэныгъэм и республикэ къудамэм и Налшык къалэ IэнатIэмрэ.

Пресс-IуэхущIапIэм и унафэщI Сэбан Арсен къызэрыджиIащи, зэпеуэмкIэ я мурадыр мафIэсым зэрызыщахъумэн хуейр ныбжьыщIэхэм къагурыгъэIуэнырщ, а IэщIагъэм и мыхьэнэр убгъуауэ яхэпщэнырщ.

ИщхьэкIэ къыхэдгъэща IуэхущIапIэхэм я лIыкIуэхэр зыхэта зэпеуэм и къэпщытакIуэхэм IэдакъэщIэкI нэхъыфIу щырыщ къыхахащ «МафIэс шынагъуэншагъэр - сабийхэм я нэкIэ» (1 - 4-нэ классхэм щеджэхэм), «МафIэсгъэункIыфIыр лIыхъужьхэм я IэщIагъэщ!» (5 - 8-нэ классхэм щеджэхэм) унэтIыныгъэхэм.

«МафIэс шынагъуэншагъэр - сабийхэм я нэкIэ» зэпеуэм бжьыпэр щиубыдащ Май районым и Новоивановскэ къуажэм дэт, Козуб Шурэ и цIэр зезыхьэ лицей №7-м и 1-нэ классым щеджэ Талаев Дмитрий. ЕтIуанэ увыпIэр къиихьащ Бахъсэн районым и ХьэтIохъущыкъуей къуажэм дэт, КIурашын Т. М. и цIэр зезыхьэ курыт еджапIэ №1-м и 2-нэ класс «б»-м щIэс Гуэрдэгуэжь Динэ. Ещанэ увыпIэр лъысащ Лэскэн районым хыхьэ Аргудан къуажэм и курыт еджапIэ №3-м и 1-нэ «а» классым щеджэ Иуан Эрнелэ.

«МафIэсгъэункIыфIыр лIыхъужьхэм я IэщIагъэщ!» зэхьэзэхуэм щытекIуащ Лэскэн районым хыхьэ Аргудан къуажэм и курыт еджапIэ №1-м и 6-нэ «а» классым щIэс Iэрэмысэ Асидэ. Нарткъалэ и лицей №1-м и 5-нэ «в» классым щеджэ Цуркан Вероникэ етIуанэ хъуащ. Шэрэдж районым хыхьэ Зэрэгъыж къуажэм IутIыж Б. Къу. и цIэр зезыхьэ и курыт еджапIэм и 5-нэ «а» классым щIэс Бэджий Данияр ещанэ увыпIэр къиихьащ.

МафIэсым пэщIэт-къегъэлакIуэ къулыкъущIапIэм и унафэщI Къардэн Анзор зэхьэзэхуэм кърикIуахэр къыщызэщIикъуэжым къыхигъэщащ кIэух зэхьэзэхуэм щагъэлъэгъуа лэжьыгъэхэр гунэс зэрыщыхъуар, жиIащ мыпхуэдэ Iуэхухэр мафIэсым зэрызыщыхъумапхъэм школакIуэхэм нэхъыфIу хащIыкIыным сэбэп зэрыхуэхъум и мызакъуэу, сабийхэм я зэранкIэ къэхъу мафIэсхэри гъэмэщIэнымрэ мафIэсгъэункIыфI IэщIагъэм щIалэхэр дегъэхьэхынымкIи, абы ирилажьэхэм я пщIэр IэтынымкIи мыхьэнэшхуэ зэраIэр.

Сабий творчествэмкIэ зэпеуэм щытекIуахэмрэ къыхэжаныкIахэмрэ иратащ дипломхэр, щIыхь тхылъхэр, КъБР-м СпортымкIэ и министерствэмрэ «Нальчик-сладость» ООО-мрэ къабгъэдэкI саугъэт лъапIэхэр.

**УЭРДОКЪУЭ Женя.**

• Фысакъ

# ГъэпцIакIуэхэм защыфхъумэ!

**Урысейм и Социальнэ фондым и къудамэу Къэбэрдей-Балъкъэрым щыIэм фигу къегъэкIыж гъэпцIакIуэхэм зыщыфхъумэн зэрыхуейр.**

СОЦИАЛЬНЭ фондым и лэжьакIуэ хуэдэу къэпсэлъам фэ фтеухуауэ зыри жевмыIэ. Фондым и IэщIагъэлIхэр зэи щIэупщIэркъым СНИЛС-м, паспортым, банк картэм и номерым, абы и ПИН-кодым е паролым. Апхуэдэ хъыбарыр телефонкIэ жефIэну къэлъаIуэр гъэпцIакIуэхэрщ.

Абыхэм фыкъагъэгугъэнкIэ хъунущ пенсэм хагъэхъуэну, юридическэ дэIэпыкъуныгъэ къыватыну. Язынықъуэ IэщIагъэлI нэпцIхэм цIыхухэм хъыбар ирагъащIэ пособиехэр къыIэрагъэхьэн папщIэ ятеухуахэр къапщытэж хуэдэу. Социальнэ фондым чэнджэщ къывет къэпсэлъа мыцIыхум дзыхь хуэвмыщIыну, шэч къытефхьэмэ, икIэщIыпIэкIэ телефоныр зэпевгъэудыж.

Апхуэдэуи Социальнэ фондым и IэщIагъэлIхэм унэ-унэкIэрэ къакIухьыркъым пенсэм ехьэлIа Iуэхутхьэбзэхэр хуагъэлъагъуэу. Апхуэдэ къевмыджа хьэщIэхэр къакIуэу Социальнэ фондым и лэжьакIуэу жаIамэ, фысакъ. Зыщывмыгъэгъупщэ, фондым Iуэхутхьэбзэ псори щызэфIех езыр цIыхухэм щадэлажьэ IэнатIэхэмрэ «Госулуги» порталым - онлайн IэмалкIэ. Iуэхутхьэбзэхэр сыт щыгъуи пщIэншэщ. Ахъшэхэр зыхуагъэувахэм хуагъэхь, лъэIу тхылъыр къата иужь е нэхъ пасэу фондым щIалъхьа тхылъхэр я тегъэщIапIэу.

***Урысейм и Социальнэ фондым и къудамэу КъБР-м щыIэм и пресс-IуэхущIапIэ.***




## Фыдогъэблагъэ!

***Урысей Федерацэм футболымкIэ и етIуанэ лигэ.***
***Япэ гуп. TIощIрэ ещанэ джэгугъуэ***
«Спартак-Налшык» - «Чайка» *(Песчанокопскэ)*
***Налшык. «Спартак» стадион.***
***Мэлыжьыхьым и 8.***
***Сыхьэт 15-м.***

Редактор нэхъыщхьэ ЖЫЛАСЭ Заурбэч

Зы илъэсым газетыр 156-рэ къыдокI. 12+

Индексыр П 5894 • Тиражыр 1.679 • Заказыр №729

Газетым Iэ щытрадзар сыхьэт 18.00-рщ.

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэнымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ IуэхущIапIэм ПИ № ТУ07-00117-м щIэту ятхащ.

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым – 42-56-19; унафэщI-редакторхэм - 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66

ДИ ХЭЩIАПIЭР
360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Ленинымы и цIэр зезыхьэ уэрам, 5, ебгъуанэ - епщIанэ къатхэр.

«Издательство «Южный регион» ООО-м щытрадзащ.
357600, Ставрополь край, ЕсэнтIыгу къалэ, Никольскэ уэрам, 5-А